ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№73 (24.823) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 19, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ПсэукIэр егъэфIэкIуэным йогугъу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхук Iэ хуэзащ IуащхьэмахуэщIыналъэм и администрацэм и унафэщI Отаров Мыхъутаррэ Тырныауз къалэм и администрацэм и унафэщI Афашоков Азэмэтрэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, щIыналъэ проектхэмрэ программэхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъум.

Щхьэхуэу зэпкърахащ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм къащыпэщыт къалэнхэм, унагъуэхэр, IуэхущIапIэхэр хуабэкIэ къызэгъэпэщыным, щIыпIэхэр къабзэу зехьэным пыщIа Iуэхухэм.

Псэуныгъэм ехьэлIа IэнатIэхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу илъэс кIуам Тырныауз щызэрахъуэкIащ псы зэрыкIуэ бжьамийуэ километри 5,6-рэ, ирагъэжьащ псыр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэр, Азау хуеймрэ Эльбрус къуажэмрэ яку дэлъ коллекторыр зэрагъэпэщыжащ.

Социальнэ IэнатIэм щызэфIагъэкIахэм я гугъу пщIымэ, Тырныауз къалэм дэт курыт школымрэ сабий гъэсапIэмрэ, ЛашкIутIэ и еджапIэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, Эльбрус щаухуащ ЩэнхабзэмкIэ унэрэ физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж комплексрэ, Тырныауз къыщызэIуахащ щIалэгъуалэ центр, сабий библиотекэр ирагъэфIэкIуащ, Эльбрусскэ уэрамым и лъэс зекIуапIэр зыхуей хуагъэзащ. ЩIыналъэм псори зэхэту мардэхэм къыщрагъэтIэсащ гъуэгу километр 25-м щIигъу.

2024 гъэм щIадзауэ зэрагъэпэщыж Олимп джэгухэм хэтыфыну гугъэ уэзыгъэщIхэм щадэлажьэ спорт еджапIэр, ТворчествэмкIэ центру Мокаев М. Хь. и цIэр зезыхьэр, апхуэдэуи Терскол еджапIэщIэ щаухуэ.

КъищынэмыщIауэ, нейтриннэ обсерваторэм хуэкIуэ гъуэгур сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж. Гундэлэн, ЛашкIутIэ жылэхэр псыкIэ къызэрызэрагъэпэщыр ирагъэфIэкIуэну, Былым къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и гупэм деж иIэ щIыпIэр зэIузэпэщ ящIыну, Гундэлэн цIыкIуищэ зыщIэхуэну сабий сад щаухуэну я мурадщ.

«А псори хуэунэтIащ щIыналъэм иджырей зэманым екIу инфраструктурэ къыщызэгъэпэщыным, абы исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным. Си фIэщ мэхъу муниципалитетым иригъэжьа лэжьыгъэхэр тэмэму зэрызэфIигъэкIынур икIи Iуащхьэмахуэ щIыналъэм адэкIи зегъэужьыным и къарур зэрырихьэлIэнур», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Туризмэм ич лъэбакъуэщIэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ къудамэр зэлэжь унэтIыныгъэхэм, къыхалъхьа инвестицэхэр гъэзэщIа зэрыхъу щIыкIэм, Налшык дэт зыгъэпсэхупIэхэм псы хущхъуэ къезышалIэ бжьамийхэр зэхъуэкIын, узыншагъэр езыгъэфIакIуэ зекIуэхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейм, туризмэм егъэщIылIа инфраструктурэм республикэм 2035 гъэ пщIондэ щигъуэтыпхъэ зыужьыныгъэм.

Iэтащхьэмрэ министрымрэ нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьащ туризмэм щылажьэ псоми я щIэныгъэм хагъэхъуэн зэрыхуейм, иджырей гъэхьэщIэкIэ Iэмалхэм зрагъэузэщIын папщIэ, къэралым IэщIагъэлI нэхъыфIу исхэр къызэрешэлIапхъэм.

Иужьрей илъэситхум республикэм хъарзынэу туризмэм зыщиужьащ. Бжыгъэрыбжэхэм къызэратымкIэ, дызэрыт илъэсым и щIышылэ мазэм щегъэжьауэ накъыгъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым турист мин 700-м зыщагъэпсэхуащ. Илъэс блэкIам елъытауэ, ар процент 14-кIэ нэхъыбэщ. Туризмэм къызэщIиубыдэ щIыпIэхэми заубгъуащ. Республикэр йолэжь «Туризмэмрэ гъэхьэщIэнымрэ» проектым хиубыдэу, инвестицэ зыхалъхьэ IуэхущIэхэм зезыгъэубгъу программэм ипкъ иткIэ яухуэ, зи щIыпIэр пхъуэж хъу модуль ухуэныгъэхэм. УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къабыл ищIащ апхуэдэ проект 35-рэ. Къэрал бюджетым къыхэкIыу, а Iуэхум 2025 - 2027 гъэхэм къриубыдэу къыхуаутIыпщынущ сом мелуан 740-м нэс. Лэжьыгъэм къриубыдэу номер 500 яутIыпщыфыну щогугъ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ туризм къудамэр хабзэм къемызэгъ Iуэху щыземыкIуэу къызэрызэгъэпэщыпхъэм. Министерствэр мы илъэсым щегъэжьауэ туристхэр зыщIагъэтIысхьэ унэхэми, абыхэм зезыгъэплъыхь инструкторхэми я лэжьыгъэм кIэлъыплъыну хуитщ. Ар къызыхэкIыр туристхэм я шынагъуэншагъэр нэхъыфIу зэгъэпэща хъун папщIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIэуэ зэувэлIэну унэтIыныгъэхэм ящыщщ блог-турхэр къызэгъэпэщыныр, къэралым щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэ-форумхэм хэтыныр, езы республикэм цIыхушхуэ зэкIуалIэ зэIущIэхэр щегъэкIуэкIыныр.

«Геолог»-р къагъэщIэрэщIэж

Тырныауз дэт, Губанов В. А. и цIэр зезыхьэ, узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж «Геолог» спорт комплексым зыгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIыр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къипщытащ.

КЪУАЖЭХЭМ лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьын программэмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр нэгъабэ ирагъэжьащ. УхуакIуэхэм унащхьэр яхъуэж, инженер коммуникацэхэр къагъэщIэрэщIэж, щхьэгъубжэхэр халъхьэ. Зэгъэпэщыжыныгъэхэр ухуэныгъэм и кIуэцIми щокIуэкI. Апхуэдэу унэм и щIыбри зыхуей хуагъэзэжынущ.

Спорт утыкухэмрэ пэшхэмрэ къагъэщIэрэщIэжынущ икIи иджырей Iэмэпсымэхэмрэ унэлъащIэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр мы илъэсым и кIэ пщIондэ яухыну я мурадщ.

Спорткомплексыр 1985 гъэм яухуауэ щытащ, мыбы зыщагъэсащ къэралым и спортсмен цIэрыIуэхэм, Олимп джэгухэм зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэлъэгъуахэм, дунейпсо чемпион хъуахэм.

Нобэ «Геолог»-м йокIуалIэ районым щыпсэухэм ящыщу цIыху 800-м щIигъу. Абыхэм зыхуагъэсэ волейболым, футболым, каратем, боксым, атлетикэ хьэлъэмрэ псынщIэмрэ, спорт гимнастикэм. Абы щрагъэкIуэкI республикэ, щIыналъэ, урысейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэхэр.

«Геолог» комплексыр къызэрагъэщIэрэщIэжым мыхьэнэшхуэ иIэщ Iуащхьэмахуэ районми республикэми спортым зыщегъэужьынымкIэ, урысейпсо, щIыналъэ чемпионатхэм текIуэныгъэхэр къыщызыхь спортсменхэм а унэтIыныгъэм щаIэ зэфIэкIхэм хэгъэхъуэнымкIэ.

ДэфтэрхэмрэзэхъуэкIыныгъэхэмрэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр мэкъуауэгъуэм и 17-м иригъэкIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭМ Тэрч районым и суд IуэхущIапIэ №2-м и зэзыгъэкIуж хеящIэ къулыкъур щыхуагъэфэщащ Вэрокъуэ Мурат.

Депутат къалэнхэр иджыблагъэ зыгъэзэщIэн щIэздыдза Быф Альберт хагъэхьащ КъБР-м и Парламентым ЭкономикэполитикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ, УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетхэм.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр нэгъуэщI щIыналъэм щыпылъ и гъунапкъэм зихъуэжа нэужь, муниципальнэ районхэм я гъунапкъэхэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьэ щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым къару имыIэжу къэлъытэнымрэ республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэнымрэ я IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ «ЩIыпIэ унафэр IэнатIэхэр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм ехьэлIауэ» ФЗ №33-р 2025 гъэм гъатхэпэм и 20-м къызэращтам тету. Дэфтэрым щагъэбелджылащ депутатхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэхэмрэ я къалэнхэр, хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэраухуэр, цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэхэр къызэращIэ щIэупщIэныгъэхэр муниципальнэ щIыналъэхэм зэрыщрагъэкIуэкIыр, нэгъуэщIхэри.

Депутатхэм къащтащ «КъБР-м и туризмэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр. Къызэрыхагъэщамкlэ, туризмэм ехьэлIа Iуэхухэм щагъэгъуэзэнущ КъБР-м зыуэ щыт и интернет-порталымкIэ.

КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт тепсэлъыхьащ «КъБР-м и щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ» законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, дэфтэрым дыщIагъуахэм ящыщщ щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуным хуэгъэзауэ щIыналъэм къыщыгъэсэбэпыпхъэ Iэмалхэр.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «Балигъ ныбжьым нэмысахэм я Iуэхухэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ комиссэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IуэхущIапIэхэм къэрал пщэрылъхэр ящыщIынымрэ теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 16-м, «Щэнхабзэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 36-м. Япэ еджэгъуэу хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм административнэ хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ и Кодексым». Налшык къалэ округым щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и Советым къыхилъхьа а законопроектыр зыхуэгъэзар цIыхухэр къызэрыращэкI щIыкIэр егъэфIэкIуэнырщ, транспорт IуэхутхьэбзэхэрКъызэзыгъэпэщ IэнатIэхэр хабзэхэм ебакъуэмэ, ахэр жэуапым зэрырашалIэр гъэбелджылынырщ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэм къаIэтыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. ЗэхъуэкIыныгъэ халъхьащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и регламентым. КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэр бадзэуэгъуэм и 4-м еух, бжьыхьэ лэжьэгъуэм щIидзэжынущ фокIадэм и 2-м.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъу щызыщIэ дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэкIэ ахъшэ етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и №1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъу щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэкIэ ахъшэ етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и №1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) зэреджэм «зэ етыгъуэу ират ахъшэр» псалъэхэр «зэ етыгъуэкIэрэ ират ахъшэхэр» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

б) и пэублэм «ипкъ иткIэ» псалъэхэм япэ щигъэувэн «Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм гъатхэпэм и 16-м «Урысей Федерацэм социально-экономикэ зэпIэзэрытыныгъэ къыщызэгъэпэщынымрэ цIыхухэр щыхъумэнымрэ ятеухуауэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ» къыдигъэкIа Указ №121-м» псалъэхэр».

в) 1-1-нэ пунктым мыхэр щIыгъужын:

«1-1. Мы Указым и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа цIыхухэу езыхэм яфIэфIу къэрал геном регистрацэ (адэкIэ - геном регистрацэщ) езыгъэщIахэм икIи зэгурыIуэныгъэ езыщIылIахэм геном регистрацэ зэрырагъэщIам трагъэкIуэда хэщIхэр хуапшыныжын папщIэ зэ етыгъуэу ахъшэ етын геном регистрацэр зрагъэщIыным пщIэ щыщIатым ягъуэта хэщIыныгъэхэм хуэдиз хъууэ.»;

г) 2-нэ пунктым «зэ етыгъуэу ират ахъшэу 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуар» псалъэхэр «зэ етыгъуэкIэрэ ират ахъшэхэу 1-нэ, 1-1-нэ пунктхэм къыщыгъэлъэгъуахэр» псалъэхэмкIэ, «ар» псалъэр «ахэр» псалъэмкIэ щызэхъуэкIын;

д) 3-нэ пунктым «зэ етыгъуэкIэ ират ахъшэ 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуар» псалъэхэр «зэ етыгъуэкIэрэ ират ахъшэхэу 1-нэ, 1-1-нэ пунктхэм къыщыгъэлъэгъуахэр» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

3. Мы Указым и 1-нэ пунктым и «в» пункт къуэдзэм и положенэу езыхэм яфIэфIу къэрал геном регистрацэ щрагъэщIым трагъэкIуэдахэр хуапшыныжын папщIэ зэ етыгъуэкIэ ахъшэ къыIахыну яIэ хуитыныгъэр къыщыгъэлъэгъуар лъоIэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъу щызыщIэ дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэ етыным и IуэхукIэ» 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м къару щигъуэта махуэм къыщыщIэдзауэ зэфIэува хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м
№59-УГ

Махуитхущ къэнэжар

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2025 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр мэкъуауэгъуэм и 24 пщIондэ екIуэкIынущ.

«Адыгэ псалъэм» тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкIыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;

фэ езым пощтым къыщеIыфхыжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр П5894

ХадэхэкIхэмрэ гъавэмрэ Iуахыж

Мэкъумэш IэнатIэм щынэхъапэ Iуэху блэкIхэмрэ республикэм и агропромышленнэ къудамэр IэщIагъэлIыфI зэрыхуэныкъуэмрэ тепсэлъыхьащ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэIущIа КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэнрэ.

МЭКЪУМЭШ къудамэм къыхукъуэкI къалэнхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу: зэманым декIу, хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ зэрелэжь Iэмалхэм заубгъу, Iэщ щагъэхъу хозяйствэхэм, мэракIуэхэкIхэм щелэжь IуэхущIапIэхэм, хадэхэкI комплексхэм - лъэныкъуэ псоми щIэныгъэрэ Iэзагъэрэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI нэс къалъыхъуэ. Зоотехникхэр, гидромелиораторхэр, мэкъумэш Iэмэпсымэхэм ирилэжьэф механизаторхэр, къэкIыгъэхэр зэрызэрахьэ IэмалыщIэхэм хуэIэзэ агрономхэр, хъупхэхэхым, генетикэм хэзыщIыкIхэр, ерыскъыр зэрахъумэ Iэмалхэм хуэIэкIуэлъакIуэхэр, нэгъуэщI IэщIагъэлI куэдым хуэныкъуэщ республикэм и мэкъумэш хозяйствэр.

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетырщ щIыналъэр зыхуэныкъуэ апхуэдэ IэщIагъэлIхэр зыгъэхьэзырыр. Район щхьэхуэхэр зыхуэныкъуэм елъытауэ, абы щрагъэджапхъэщ иужькIэ я деж щагъэлэжьэну щIалэгъуалэр. «Къуажэр фIыуэ зылъагъу, абы щыпсэу, щIым телэжьыхьыным гу хуэзыщIахэрщ зи гугъу тщIыр, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым. - Апхуэдэ щIыкIэу республикэр игъащIэми цIэрыIуэу зэрыщыта мэкъумэш хозяйствэм зыкъедгъэIэтыжыфынущ».

А Iуэхум пыщIа къалэнхэр иубзыхуну КIуэкIуэ Казбек министрым и пщэм дилъхьащ. КъинэмыщIауэ, республикэм и Iэтащхьэр едэIуащ гъавэ Iухыжыгъуэр зэрекIуэкI щIыкIэм. Япэу а Iуэхур езыгъэжьар Прохладнэ, Май районхэрщ. Бжьыхьэсэ хьэм иубыд гектари 100-м гъавэ къытрахыжакIэщ. Абы къыкIэлъыкIуэнущ бжьыхьэсэ гуэдзыр.

Хьэмхэр, элеваторхэмрэ гуэнхэмрэ гъавэщIэр зэрыщIалъхьэным хуэхьэзырщ. ЩIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI хадэхэкI Iухыжыгъуэри. Иджыпсту кIэ ар занщIэу ягъэфIэIу джэшхъурей щхъуантIэрщ. Ар гектар 300-м къытрахыжакIэщ.

Ди къуэш республикэхэм

ЦIыкIухэм я зыгъэпсэхугъуэм

МЕЙКЪУАПЭ. ***Адыгейм щыщ сабий мини 8,5-м, Херсон областым и Геническ районым къикIахэри яхэту, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр республикэм къыщыхуэзэрагъэпэщынущ. Абыхэм я нэхъыбэм Iэмал яIэнущ школхэм къыщызэIуаха лагерхэм махуэкIэ щыIэну, «Лань», «Горная легенда» зыгъэпсэхупIэхэм кIуэну, языныкъуэхэри тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щыIэ «Артек», «Орленок» урысейпсо центрышхуэхэм яшэнущ. Апхуэдэ хъыбар зэбгригъэхащ Адыгейм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат.***

«САБИЙХЭМ я зыгъэпсэхугъуэр нэхъыбэу зытедгъэщIар гъэсэныгъэ лъабжьэ зиIэ программэфIхэр зэхэдгъэувэ хъунырщ икIи ар хуэунэтIащ сабийхэр, гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр зэдэлэжьэным. Гулъытэ нэхъыбэу хуащIынущ хьэлщэн дахэм, хабзэм цIыкIухэр хуэгъэсэным, дунейр зэхащIыкIыу, я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хагъахъуэ зэпыту ахэр къэгъэхъуным. Шэч къытесхьэркъым сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр гъэщIэгъуэну икIи гукъинэжу зэрекIуэкIынум, зэчийуэ ябгъэдэлъри къызэрызыкъуахынум», - къыхигъэщащ КъумпIыл Мурат.

Гъазэ щыIэкъым

СЫХЪУМ. ***Абхъазым и МИД-м и унафэщI Барциц Олег и къулыкъум зэрытеувэрэ Мэзкуу къалэм иджыблагъэ япэу щыIащ икIи абы щыжиIащ Куржым гухьэжын мурад республикэм зэримыIэр, апхуэдэ гупсысэхэр къезыхьэкIхэми я щхьэ къызэрагъэпцIэжыр.***

КУРЖЫМ и политикхэм яхэтщ Абхъазым зэримыгъэзэжынур къызыгурыIуэхэр, ауэ ар жаIэркъым. Уеблэмэ языныкъуэхэм къыдагъащIэ къыткIэлъызэрахьа лейм щхьэкIэ я щхьэр къытхуагъэщхъыну зэрыхьэзырхэр, Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хуаIэ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэн папщIэ лъэкI къызэрамыгъэнэнур.

«Ауэ, псалъэр псалъэ къудейуэ къэмынэжу, Iуэхугъуэ пыухыкIахэм ахэр пэрыхьэным и чэзущ. Апхуэдэ лъэбакъуэхэм хэбгъэхьэ хъунущ дяпэкIэ IэщэкIэ зэпэщIэмыувэным ехьэлIауэ юридическэ лъабжьэ зиIэ зэгурыIуэныгъэхэр лъэныкъуитIми зэращIылIэныр. Мис абы ди дзыхьри игъэбыдэнут», - жиIащ Барциц Олег.

ХьэщIэхэр къырагъэблагъэ

ЧЕРКЕССК. ***2025 гъэм и гъэмахуэм Къэрэшей-Шэрджэсым и хьэщIэщхэм я процент 50-р туристхэм яубыдакIэщ, къыщыкIуэну пIалъэр убзыхуауэ.***

КъШР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, республикэм иджыпсту иIэщ хьэщIэщу, цIыхухэр жэщгъуэлъ къыщыувыIэ хъун щIыпIэу 810-рэ икIи абыхэм я гъуэлъыпIэхэм я нэхъыбэр туристхэм къызэращтэм щыхьэт техъуэ тхылъхэр щыIэщ.

Мы гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм цIыху мин 450-м нэблагъэ хьэщIэу къахуэкIуэну мэгугъэхэр е нэгъабэ щыIам нэхърэ процент 10-кIэ нэхъыбэу. Дызэрыт илъэсым къриубыдэу турист мелуани 2,4-м нэблагъэ республикэм зыщагъэпсэхуну апхуэдэ плъапIэхэри щыIэщ.

Зыгъэхьэзырар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

Унагъуэр зэпэщмэ, щIэблэри узыншэщ

Зи щэнхабзэмрэ псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ унагъуэмрэ щIэблэмрэ я деж щIыпIэшхуэ щызымыубыд лъэпкъ щыIэу къыщIэкIынкъым. Унагъуэр зэпэщмэ, щIэблэри узыншэщ. Лъэпкъхэм я дуней лъагъукIэр щIызэфIэувэр щыIэныгъэм теухуауэ илъэс минхэм къыпхаха фIыгъуэхэр къащIэува щIэблэм бгъэдалъхьэжын щхьэкIэщ.

ТХЫДЭМ и дурэшплIэрэшхэм дэкIуэдэжыну, лъэужьыншэу щыIэныгъэм хэбзэхыкIыжыну хуейуэ зы лъэпкъи щыIэкъым. Аращ адыгэхэр Адыгэ Хабзэкlэ зэджэ щэнхабзэ къэгъэщIыгъэм хуэдэ лъэпкъхэм щIызэрагъэпэщыр, екIумрэ емыкIумрэ щIаубзыхур, хъунумрэ къемызэгъымрэ гъунапкъэ щIыхуагъэувыр. ЦIыхугъэм мардэ иIэщ, цIыхугъэншагъэм нэз зэриIэм хуэдэу. Мис а гъунапкъитIыр зэщымыкIуэтэн, къыдэкIуэтей щIэблэри гъуэгу захуэ тетын папщIэщ лIэужь къэс гъащIэм къыпхиха Iэпэlэсэныгъэм къыкIэлъыкIуэр щIипIыкIыу, иущийуэ, игъасэу щIыщтыр. Апхуэдэ лэжьыгъэм зэпыу иIэкъым.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэращ иджыблагъэ Налшык къалэ щызэхэта, зи ныбжь нэмыса сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ щIыналъэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэр щызэхуэса «Гупэр унагъуэм хуэгъэзауэ» («Курс на семью») зэхыхьэр зытеухуауэ щытари. Апхуэдэ зэIущIэр къызэгъэпэщынымкIэ жэрдэмщIакIуэ хъуар КъБР-м сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэщ. А гупыжыр абы даIыгъащ Налшык къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэмрэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм психиатриемрэ наркологиемкIэ и хэгъэгу клиникэ центрымрэ.

Апхуэдэу зэIущIэм кърихьэлIащ ныбжьыщIэхэм щIыналъэхэм щадэлажьэ IэщIагъэлIхэр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ я къуэдзэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр. Зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, Зи ныбжь нэмысахэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ комиссэм и унафэщI Къуэшрокъуэ Залым, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр къызэIузыха Бэдракъ Iэминэ къыхигъэщащ унагъуэр хъумэным нэхърэ нэхъыщхьэ жылагъуэ лэжьыгъэхэм зэрахэмытыр, абдеж Iуэхур щызэтемытмэ, сабийм и хуитыныгъэхэр къызэпыуда зэрыхъур, лей къызэрытехьэр.

– ГъащIэр матэщIэдзакъым, фи фIэщ фщIы. ЦIыху къэс, унагъуэ къэс я гъащIэм лъэр щIэзыгъэху, зиужьыжыну мыгугъэжу гугъуехь Iэджэ, лъэпощхьэпо куэдым щыIуощIэ. Дэхуэхар дгъэмысэу нэхъри едвмыгъэгух, атIэ абы щIэгъэкъуэн дызэрыхуэхъун, зэрыхуа щытыкIэ хьэлъэм къызэрикIын Iэмал къыхуэдвгъэлъыхъуэ. Вакъэ зэв ихуа цIыхур и Iыхьлыхэм зэхамыщIыкIмэ, апхуэдэхэм гъунэгъу дахуэвгъэхъу, унагъуэхэм я Iуэхур зэтегъэувэжыным пыщIа IэщIагъэлIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ ар я къалэн нэхъыщхьэщи, дыщIэлажьэри дыщыIэщIэри аращи. Апхуэдэ къалэнyр щызыхуэдгъэувыжым, хэгъэгум ис IэщIагъэлIхэр дызэкъуэувэну, ди лэжьэкIэр зэдгъэуIуну унафэ къэтщтащ. Сабийр къыщыхъуа унагъуэм хуэдэу, гури псэри щигъэтIылын нэгъуэщI щыIэ щыIэкъым. Мис а гупсысэр егъэжьапIэ хуэхъуу мы зэхуэсым еджэныгъэ мардэхэр щIыхэтлъхьар арагъ, ди гуп зэгъэуIуам и лэжьыгъэр дунэтIын, зэдэууэ ди IэнатIэр едгъэфIэкIуэн щхьэкIэ. Дунейпсо хабзэхэми, къэрал унафэхэми, игъащIэ лъандэрэ лъэпкъхэм къыддэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэхэми сабийр гъащIэм курыхыу щагъэув, абыхэм дакъыщыжыныр, я хуитыныгъэхэр тхъумэныр, ар унагъуэм гупсэ хуэтщIыныр ди хьэкъщи, абыкIэ щыIэ еплъыкIэхэмрэ есэныгъэхэмкIэ дызэдэгуэшэнущ, ди Iуэхум зэрыхэтлъхьэнум иужь дитынущ. Лэжьыгъэ цIыкIу щыIэкъым, псоми мыхьэнэ яIэщ, ар тхылъымпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным къыщегъэжьауэ сабийм и гукъыдэжыр къэIэтыным нэсыжу. Иужьрей илъэс щэщIым куэд дыдэ тфIэкIуэдащ сабийм и гъэсэныгъэм теухуауэ. ТIэщIэкIар дуэзэхужыныр къалэнышхуэщ. Абыхэм ящыщщ къыдэкIуэтей щIэблэм и гупэр унагъуэ лъапIэныгъэхэм хуэгъэзэжыныр. Унагъуэмрэ лъэпкъымкIэ зэхэщIыкI зимыIэм фIэкIуэдыр и лъэпкъыщхьэм и закъуэкъым, абы IэщIокI хэгъэгури. Сыщогугъ ди зэхуэсым къыщыхэтлъхьэну Iуэхугъуэхэр ди мурадхэм ятелэжьэну, дызыхуейр къыддэхъуну, – жиIащ Бэдракъ Iэминэ.

Езауэ Анзор къыщыпсалъэм къыхигъэщащ зэIущIэр псалъэ дыгъэлхэм щIэрыщIэу къатегъэзэжыным зэрытемыухуар, атIэ цIыхубэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэшхуэхэм зэрыхухахар.

– Дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым ди лэжьыгъэм нэхъапэ дыдэу хэтыр сабийм и хуитыныгъэхэрауэ зэрыщытыр. Абы и хуитыныгъэхэм я нэхъыщхьэри унагъуэ иIэнырщ. Псоми къагурыIуэн хуейщ – унагъуэ зиIэ сабиймрэ абы щызекIуэ IэфIагъыр зыхэзымыщIэмрэ я Iуэхур зэщхькъым. Дэ ди нэIэ ятетщ жытIэу ди лэжьыгъэр кIэлъыплъ къущым хуэдгъэкIуэжмэ, зыри дымыщIауэ аращ, зыри зэдмыгъэхъулIауэ аращ. Дэ ди къалэныр сабийм и гугъуехьыр щызыгъэпсынщIэ, абы и дунейр нэхъыфI зыщI Iэмалхэр къызэдгъэпэщыныршщ. Махуэ къэс зэмыщхь защIэу щытыкIэ куэдым фарохьэлIэ. А псом Iэмалыншэу зэтехуэ, зы жыпхъэм ибгъэувэ хъуну къэхъугъэхэр къахокI. АбыкIэ фызэдэгуашэмэ, зы унэтIыныгъэ пыухыкIа зэдэвубзыхумэ, лэжьыгъэ хьэлъэм зы тыншыгъуэ гуэри къыфхуихьынкIэ хъунущ – зы лъэныкъуэкIэ, ауэ, нэхъыщхьэу, сабийм и Iуэхур зэтес ищIыфынущ – нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ.

- КъытщIэхъуэ щIэблэр дывгъэхъумэ, едгъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэдгъэхуабжьэ къудейм къыщымыувыIэу, едвгъэгъэфIакIуэ. УзэлIалIэращ къолIэлIэжынур. Ди сабийхэм едгъэлъагъу дахагъэращ пщэдейрей махуэхэр зыгъэдэхэнур. Псалъэ гъущэхэр къэдвгъэгъани, гумрэ псэмрэ едвгъэхьэлIэ. Хамэ сабий щыIэкъым, псори дыдейщ, ди къэкIуэну махуэхэри абыхэм ятеухуащ. ЩIэблэ узыншэ зимыIэм къэкIуэн иIэкъым. КъызэгъэпэщакIуэхэми зэIущIэр зи жэрдэмщIакIуэхэми фIыщIэ яхузощI, мыхьэнэшхуэ зиIэщ зи ужь фихьари, къывэхъулIэмэ, зэрыхэгъэгуу къыдэхъулIауэ жыпIэ хъунущ, – жиIащ Къуэшрокъуэ Залым.

Апхуэдэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм сабийхэм я Iуэхухэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и комиссэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI Курдановэ Людмилэ, къулыкъущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

ШУРДЫМ Динэ.

ЛIыхъужьыгъэм и щапхъэ

Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъуар дэнэ щIыпIи щагъэлъапIэ. Я псэм емыблэжу бийм пэщIэта ди зауэлIхэм яхузэфIэкIащ а хьэщхьэрыIуэхэр, ди щIым ирахужам къыщымынэу, Европэ псор нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм я бжьым къыIэщIагъэкIыжыну, лъапсэрыхыр къытхуэзыгъэкIуэну хущIэкъуахэр къыздикIам нэс яхужыну.

1942 ГЪЭМ зауэ гуащIэ щекIуэкIащ Ростов областым, Сталинград и Iэгъуэблагъэм. Мыбдежым къимыкIуэту нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм щапэщIэтащ ди республикэм къыщызэрагъэпэща 115-нэ шу дивизэр. А зауэзэрылIым ди республикэм икIахэм ящыщу цIыху мини 4-м щIигъу хэкIуэдащ, нобэми зи хъыбар ямыщIэ куэд яхэту. ЛIыгъэрэ хахуагъэу къагъэлъэгъуам, къимыкIуэту зэрызэуам папщIэ орденхэмрэ медалхэмрэ цIыху щэ бжыгъэм къыхуагъэфэщащ.

Лъэпкъ дивизэм хахуэу хэта офицерхэм ящыщщ, зи псэм емыблэжу бийм езэуа, зи гъащIэр ди текIуэныгъэм щхьэузыхь хуэзыщIа ХьэцIыкIу Хъусен ХьэкIашэ и къуэр. «ПIейтеиныгъэ ин хэлъу сигу къызогъэкIыж, - щетх Хьэтыкъуей Iэубэчыр 115-нэ шу дивизэм теухуа и тхылъым, - абы хэта ныбжьыщIэхэр. Я нэхъыбэм зауэ губгъуэм я псэр щатащ. ХьэцIыкIу Хъусен 1942 гъэм и кIэуххэм комсоставым я курсхэр къиухри, 297-нэ шу полкым и 3-нэ эскадроным и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуват. Шууей ныбжьыщIэм и зауэ гъуэгуанэм Ростов деж щыщIидзащ икIи абдежым иужь дыдэ зэхэуэм щыхэкIуэдащ».

Къуажэ пэщIэдзэ еджапIэр нэужьым Хъусен педтехникумым щIэтIысхьат. Ар къиухри, дзэм къулыкъу щрихьэкIащ. Зауэм ипэ лъэхъэнэм Аушыджэр курыт еджапIэм военруку лэжьэн щыщIидзащ, лейтенант нэхъыщIэ цIэр зэрихьэу.

Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь, Дзэ Плъыжьым ираджэри, а зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и 115-нэ шу дивизэм и къызэгъэпэщакIуэхэм хагъэхьащ. Фронтым зэрыIухьэным сэлэтхэр хуагъэхьэзырырт. ИкIи дивизэм и зауэ гъуэгуанэр 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м Дон Iуфэм деж щыщIидзащ, ярикъуу зэрызэуэн Iэщэрэ техникэрэ ямыIэу. А щIыпIэм щызауэ 51-нэ армэм шу дивизэр хагъэхьат. Ди зауэлIхэм къапэщIэуват нэмыцэм и 40-нэ, 48-нэ танк, моторизованнэ частхэр, 6-нэ румын корпусым щыщ дивизэхэр. ИкIи, Несмеяновкэ, Крепянкэ, Малая Орловкэ станицэхэр къаубыдри, Сальск деж фронтыр щызэпратхъыу Ростов и ищхъэрэ лъэныкъуэм щызауэ дзэхэр къаухъуреихьыну хущIэкъуащ.

Лъэпкъ дивизэм хыхьэ шууейхэм я дежкIэ гъэунэхуныгъэ ину къыщIэкIащ а зэхэуэхэр. ЕплIанэ эскадроным и командир, капитан Тихомировым и къуэдзэ, лейтенант нэхъыщIэ ХьэцIыкIур яхэту егъэрыкIуэу щIадзащ.

Нэмыцэхэм хуабжьу загъэбыдат. Хъусен гу лъитащ дзотым пулемёткIэ къиукIым ди сэлэтхэр зэримыгъакIуэм. ЩIалэм щIым зыхиIубауэ, къамылъагъуу епщылIэри, гранатэр идзащ, амбразурэм ихуэу. Абдежым пулемётым и къэуэнми щыпичащ, ебгъэрыкIуэнухэм я гъуэгур зэIуха хъуащ. Я дзэзешэм и лIыгъэм игъэгушхуа зауэлIхэм нэмыцэхэм я быдапIэр зэпратхъри, 297-нэ кавполкым япэкIэ кIуатэу зрачащ.

Батлаевскэ станицэм деж нэмыцэхэм я топышэхэр къателъалъэу къакIуэ танк 14-м ящыщу 7-р зэтракъутащ. АрщхьэкIэ адэкIэ мыкIуэфу захъумэжын хуей хъуащ. Нэмыцэ танкхэр лъэсыдзэм дэщIыгъуу къакIуэрт, мафIэр къаIурылъэлъу. Аргуэру танк зыкъом якъутэри, абы къижа фашистхэри, къэуэну хунамыгъэсу, зэтраукIащ. Лейтенант нэхъыщIэ ХьэцIыкIур зэм зы щIыпIэм, зэм нэгъуэщI щIыпIэм деж къыщыхутэурэ зауэрт. Дэнэ деж зауэ гуащIэ щекIуэкIми нэсырти, автоматкIэ бийм яхэуэурэ ди зауэлIхэр тригъэгушхуэрт. ЗэпэщIэувэныгъэ ткIийр яхуэмыхьу, хэщIыныгъэшхуэхэр яIэу къызэтеувыIэн хуей хъуащ. Дыдейхэм «Катюшэу» тху къраджэри, бийм яхэуэурэ Батлаевскэм и ищхъэрэ лъэныкъуэр къащтащ.

АрщхьэкIэ, нэмыцэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр аргуэру яублэжащ. 279-нэ полкым и унафэщIу къагъэкIуагъащIэ Чугуновым нэмыцэхэм япэщIигъэуващ еплIанэ эскадроным и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ ХьэцIыкIу Хъусен и сэлэтхэр. Чугуновым ахэр кIуэдыпIэ зэрихуэнкIэ хъунури къыгурыIуэрт, ауэ нэгъуэщI Iэмал къыхуэгъуэтакъым. Зэрыгъэплъауэ къару зэщIэгъэуIуакIэ фашистхэр Батлаевск къалэм къебгъэрыкIуэу хуежьащ, танкхэр япэ итрэ, лъэсыдзэр абы къыкIэлъыкIуэу. Нэмыцэхэм я мурадт 297-нэ, 278-нэ кавказ полкхэр къаухъуреихьыну. Дивизэм и батальонхэм япэщIыкIэ къуэкIыпIэмкIэ къикI нэмыцэ танкхэр зэхакъутащ. Бийр ди зауэлIхэм къапэщIэмытыфу икIуэту хуежьащ. АрщхьэкIэ, абдежым я кхъухьлъатэхэр ди дзэлIхэм къащхьэщыхьэри лагъымхэр кърадзыхыурэ хьэлэч къащIу щIадзащ. Апхуэдэу щыт пэтми, бийр къызэтрагъэувыIэн яхузэфIэкIащ ди зауэлIхэм. Зауэ гуащIэм хэтурэ, абыхэм Крепянкэр, Батлаевскэр, Московскэр къагъэнэн хуей хъуащ. Бийр куэдкIэ нэхъыбэт, IэщэкIи нэхъ зэщIэузэдат. А зауэзэрылIым и щхьэр хилъхьащ командир хахуэ ХьэцIыкIу Хъусен. МащIэщ ар зауэм зэрыIутар, ауэ а зэманыр гъэнщIауэ щытащ хахуагъэрэ лIыхъужьыгъэкIэ.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и полкым и унафэщIу щыта Хьэтыкъуей Iэубэчыр «Герои бессмертны» и тхылъым щетх: «Сэ зэи сщыгъупщэнукъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэж лейтенант нэхъыщIэ ХьэцIыкIу Хъусен зэрихьа лIыхъужьыгъэр. Дон губгъуэм зыщаубгъуауэ нэмыцэ танкхэр, артиллериер къокIуэ. Махуищ хъуауэ ХьэцIыкIумрэ и зауэлIхэмрэ зэтраIыгъэ хьэщхьэрыIуэдзэр. Командир хахуэм фашист къебгъэрыкIуэхэр щIегъэлъэлъ. ПсэзэпылъхьэпIэм ди дзэлIхэр ихуащ. Абдежым ХьэцIыкIум пулемётым зыIуедзэри, нэмыцэ къахуэкIуэхэр щысхьыншэу зэтреукIэ, зы танки екъутэ. А зэхэуэ гуащIэм сыткIи хуэщIауэ, къебэкIыу къакIуэ зэрыпхъуакIуэхэм къимыкIуэту езауэурэ и псэр итащ ХьэцIыкIум».

Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу хэтащ Хъусен и къуэш нэхъыжь Хьэжбии. Фин зауэми щыIащ ар. Хьэжбий 1941 гъэм Дзэ Плъыжьым хагъэхьэри, 1944 гъэ пщIондэ зэуащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыхэкIуэда щIыпIэмрэ и кIуэдыкIамрэ нобэми ямыщIэу хъыбарыншэу къэнащ.

КЪАН Ринэ.

ХадэхэкI щхъуантIэр ягъэбагъуэ

Губгъуэм къыщагъэкI хадэхэкIхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу щыIуахыж хабзэр джэш хъурейращ икIи занщIэу абы елэжьын щIадзэ. Нобэ щыIэ хъыбархэмкIэ, республикэм и консерв заводихым банкIыу мелуан 13 хуэдиз траIуэнтIащ а ерыскъыпхъэр илъу.

ЗЭКIЭ къызэрабжамкIэ, джэш хъурейр мы гъэм щыхащIащ гектар мини 5-м нэблагъэм, нэгъабэ щIыуэ абы ирагъэубыдам хуэдизщ. Абы нэмыщI, а хадэхэкI щхъуантIэр нэхъыбэу хэзыщIэр езы консерв заводхэрщ.

Росстатым къызэритамкIэ, нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрахьэлIэжащ джэш хъурейуэ тонн мин 16-м нэблагъэ икIи Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм псоми зэхэту къайхъулIам и процент 90-м щIигъу мэхъу ар. Абы къыдэкIуэу, 2024 гъэм джэш хъурейуэ ди республикэм къыщагъэкIам и куэдагъымкIэ УФ-м етIуанэ увыпIэр щиубыдащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сабийхэмрэ IэмалыщIэхэмрэ

Адэ-анэмрэ щIэблэмрэ я зэхуакум щыхупIэ задэ дэлъщ сытым дежи. Сабийхэм къэзылъхуахэм къагурымыIуэу, адэ-анэм я бынхэр езыхэм зрагъапщэурэ, «зэрыщытын хуейм хуэдэу щымыту» къащыхъуу гъащIэр къогъуэгурыкIуэ. А зэхущытыкIэр ткIийуэ шэщIа Iуданэм хуэдэщ, напIэзыпIэм зэпычын хьэзыру. Псом хуэмыдэжу нобэ, тхылъ Iущхэм щIапIыкIа адэ-анэхэмрэ телефонымрэ интернетымрэ игъэса щIэблэмрэ щызэгурымыIуэм. Сыт-тIэ абы шынагъуэу хэлъыр? ЦIыхур машинэм хуэдэу гущIыIэ, псэншэ дэхъуа техникэм и зыужьыгъуэм, хьэмэрэ нэгъуэщI цIыху лIэужьыгъуэ къыдэунэхуауэ ар къыдгурымыIуэу ара?

Сабийхэмрэ «гаджетхэмрэ» я Iуэхур, адэ-анэхэм я закъуэ мыхъуу, дохутырхэми лэжьыгъэ хьэлъэ ящыхъуащ. Сыту жыпIэмэ, техникэр сабийм зэран хуэхъуу, абыхэм дахьэхыIуэурэ тхылъ еджэн, джэгун, псэлъэн щагъэтыжу жаIэ. Къыхэгъэщыпхъэщи, дохутыр псори абыкIэ зэхуэдэу арэзыкъым.

- Дэ компьютер щыщымыIа, ар щыIэкIэ-псэукIэм «зэран» щыхуэмыхъуа лъэхъэнэм дыхалъхуащ. Нобэрей щIэблэм «цифрэ абориген» фIащащ щIэныгъэрылажьэхэм. Ахэр «телефоныр яIэщIэлъу къалъхуащ» жыхуаIэ лIакъуэщ. Пэжщ, ахэр зэ IуплъэгъуэкIэ къызэрыгуэкI сабийщ, нэгъуэщI IэмалкIэ дунейм къытехьауи аракъым. Ауэ ахэр технологием и дунейм халъхуащи, нэгъуэщIу псэуфынукъым. Къапщтэмэ, езы адэ-анэхэращ сабийм телефоныр IэщIэзылъхьэри. Абы щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр иIэщ: зэран мыхъун, теун папщIэ е нэхъ псынщIэу бжэн, псэлъэн, тхэн щIадзэн я гугъэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ сабийм къыIэрыхьа щIэныгъэхэр зыхуэдэр иджыри къэпщытапхъэщ. Шэч зыхэмылъыр зыщ – сабийр телефоным нэхъыбэрэ исщ, егъэджакIуэр, гъэсакIуэр къызэрыдэлажьэм нэхърэ. Аращи, сабийм балигъ щIымыгъуу, езыр-езыру зигъэсэжу жыпIэ хъунущ. Зэ Iуплъэгъуэкlэ, ар фIыщ: балигъым и щхьэ Iуэху зэрехуэж, сабийр гъыркъым, никъуакъуэркъым. Ауэ никъусаныгъэ гуэрхэри хэлъщ мы Iуэхум – сабийм и ныбжьым къемызэгъ щIэныгъэ куэдыIуэ зэуэ къыIэрохьэри, ар хузэмыгъэзахуэу гугъу ирегъэхь. Къищынэмыщlауэ, адэ-анэм я къалэн нэхъыщхьэр ягъэзащIэркъым – сабийр ирагъаджэркъым, ягъасэркъым. Абы къыхэкIыу, ахэр зэпызыщIэ, зэрызэрыIыгъ къуэпсхэр зэпоч, - жеIэ ЩэнхабзэмкIэ Москва къалэм дэт къэрал институтым и лэжьакIуэ Фурсовэ Дарье.

Къапщтэмэ, сабийхэр зэрысабийуэ къэнэжащ, цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэмрэ щэнхабзэмрэ архъуанэм ирилъэфауэ къыщекIэрэхъуэкI зэманым халъхуащ жумыIэмэ. Дызэвгъэплъэ-кIыжи, географиемкIэ дунейпсо къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIа лъэхъэнэм сабийхэр кхъухьым ирагъэтIысхьэурэ хым траутIыпщхьакъым, машинэ къыщагупсысам сабийхэм машинэ къехуэкIыкIэ ящIэу къалъхуу я гугъакъым, цIыхур хьэршым щылъэтами, сабийхэр Мазэм щрагъэтIысыкIакъым, я щхьэ Iуэху зрахуэжынщ жаIэу... Ауэ иужьрей илъэси 10-м къалъхуахэм телефонымрэ планшетхэмрэ яIэщIэкIыркъым, ахэр джэгуу паркхэм щыплъагъужыркъым. Хьэмэрэ, ар цIыхуцIэ зиIэм зэрызиужьым (цивилизацэм) къыздихь сыт хуэдэ щIэщыгъуэми дызэрыщышынэм и Iэужь? Сократ жиIэу щытащ тхыбзэр щIэблэм зэранышхуэ зэрыхуэхъур. Тхыбзэр къэмыунэху щIыкIэ, цIыхум зэхихыр игу ириубыдэу, IуэрыIуатэу тхыдэр зэIэпахыу къэгъуэгурыкIуауэ аращ. Илъэс минитI дэкIыжауэ дегупсысмэ, Сократ зэрыщыуар наIуэ тщохъу. Дэри дыщыуэу пIэрэ сабийхэм техникэ зэрыIэщIэлъым дызэрытешыныхьымкIэ?

Абы теухуауэ психологхэм жаIэр зэтохуэ: сабийр цIыху хъун папщIэ щIэныгъэр пытхъахуэурэ Iэрыхьэн хуейщ. Ар зригъэзэхуэн, игу ириубыдэн, къыгурыIуэн папщIэ, къыкIэлъыкIуэ «Iубыгъуэр» абы хигъэзэгъэфын хуэдэу. Телефоныр куэдыIуэрэ зыIэщIэлъ, щIэныгъэ зэщымыщ куэдыIуэ зэуэ къызыIэрыхьэ сабийхэм я псэм ар къытохьэлъэ, я акъылыр зэщхьэщеху. Ахэр иужькIэ бгъэсэжыну, еджэкIэ ебгъэщIэну гугъу мэхъу. Сыту жыпIэмэ, тхылъ ущеджэкIэ уи нэм илъагъу хьэрфхэращ нэгум къыщIэнэр, ар щхьэм ирезыгъэубыдэр. Ауэ сабийхэм я закъуэ мыхъуу, балигъхэми пачащ я псэлъэным. Зэхуэтхэмэ нэхъ къащтэ. ИкIи ар куэдым я гум нэхъ зэрыдыхьэр наIуэщ.

Биологием ецIыху цIыху лIэужьыгъуэ зыбжанэ: homo habilis, homo erectus, homo sapiens, нэгъуэщIхэри. Зэрытлъагъущи, эволюцэр мэкIуатэ икIи homo digital цIыху лIэужьыгъуэщIэ къэунэхуауэ жыпIэ хъуну къыщIэкIынщ. Ар зыкIи къыпхуэзэтемыгъэувыIэжыну екIуэкI зэхъуэкIыныгъэщ, гаджетхэр ди гъащIэм щыщ хъуагъэхххэщ. Дэ, «лъэхъэнэжьым» и фIыр зыщIэ адэ-анэу щIэм ижь зыщIихуахэм, ди къалэнщ щIэблэщIэр зыхалъхуа зэманым къигъэув псэукIэм сабийхэр екIуу хэтпIыкIыну, абыхэм я дуней телъыджэр къыдгурыIуэну.

Ди щхьэр къэдвгъащти, дызыхэмыпсэукIыфыну къытщыхъу зэманыжьым щыпсэуа лIы Iущу Къэзанокъуэ Жэбагъы лIот жиIар? Зэманым декIур лIыфIщ... Ар пэжщ. Ди сабийхэр зыхалъхуа зэманым декIуу аращи, абы и Iэужьыр ди нэгу щIэкIыжынщ. Хэт ищIэрэ, дызэса дунейр фIы и лъэныкъуэкIэ ягъэкIуэтэнри хэлъщ.

Гъэсэныгъэм теухуауэ нэгъуэщI псалъэжьи щыIэщ: «Фи сабийхэр фымыгъасэу, фэ фызэкIэлъыплъыж, ахэр фэращ зэщхь хъужынури».

ФЫРЭ Анфисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Я лIыгъэм и фэеплъу

КНДР-м и унафэщI Ким Чен Ын унафэ къищтащ Курск областыр зэфIагъэувэжын папщIэ лагъымщIэх минрэ дзэ ухуакIуэу мини 5-рэ Урысейм къигъэкIуэну. Апхуэдэ хъыбарыр къитащ Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и аппаратым и пресс-IуэхущIапIэм, IэнатIэм и секретарь Шойгу Сергей а къэралым къикIыжа нэужь.

Шойгу Сергей и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Москварэ Пхеньянрэ я мурадщ Курск областыр зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжым хэкIуэда корее зауэлIхэм я фэеплъ мемориалхэр ягъэувыну.

«КъэралитIым я Iэтащхьэхэм унафэ къащтащ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм хэта, Корее цIыхубэ армэм и сэлэтхэм я лIыгъэр цIыхубэм ящымыгъупщэным хуэунэтIа Iуэху щхьэхуэхэр ирагъэкIуэкIыну, - жиIащ абы. – Апхуэдэу Урысейм и щIыналъэхэр хуит къэщIыжыным зи гъащIэр щIэзыта зауэлIхэм папщIэ УФ-ми КНДР-ми фэеплъхэр къыщызэIуахынущ. Абы ипкъ иткIэ, иджырей лэжьыгъэ зекIуэм дыщытепсэлъыхьащ ди къэралыр и дэIэпыкъуэгъуу музей хэту мемориал комплекс Пхеньян къызэрыщызэIутхыным».

Экзаменхэм кърикIуахэр

Курыт школыр къэзыух ныбжьыщIэхэм ят Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр и кIэм ноблагъэ. Мы зэманым ирихьэлIэу а къэпщытэныгъэхэм балли 100 къыщызыхьахэр цIыху 5780-рэ мэхъу.

«А бжыгъэм къыхэхъуэнкIи хъунущ, ныбжьыщIэхэм иджыри экзамен щатыну махуэ хэхахэр яIэщ, къищынэмыщIауэ, къихьа баллымкIэ мыарэзыхэм ар ирагъэфIэкIуэжынуи Iэмал щыIэщ», - щыжиIащ «Рособрнадзор»-м и унафэщI Музаев Анзор Санкт-Петербург щекIуэкI дунейпсо экономикэ форумым.

Апхуэдэу щытми, псори ныкъусаныгъэншэкъым. Музаевым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, ЕГЭ-м и хабзэхэр къызэрызэпаудым къыхэкIыу, экзаменхэм къыщIахуащ цIыху 608-рэ. Абыхэм ящыщу 189-м телефонхэр къыIахащ, адрейхэм экзаменхэм къыщемызэгъ Iэмал зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэпащ.

Мэкъуауэгъуэм и 19, махуэку

♦**1951 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Соблыр Андемыркъан**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **БищIо Iэсият**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 20, *мэрем*

♦**Зи псэупIэр Iэмалыншагъэкlэ зыхъуэжын хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Зоопаркым щаIыгъ пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1957 гъэм** Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залышхуэм къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэр.

♦**1920 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Кхъуэхъу Цуцэ**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Кхъуэтепыхьэ Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 29-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ФIы зыхуэпщIэм иумыхъуэныж.

ФIагъ лъагэм и дамыгъэр кърат

Урысейм и «ФIагъым и дамыгъэр» 2025 гъэм и накъыгъэм зыхуагъэфэща продукци 9-м я цIэхэр «Роскачество»-м иджыблагъэ наIуэ къищIащ. Ди гуапэ зэрыхъущи, абы хыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Агро-Инвест» IуэхущIапIэм «6 соток» фIэщыгъэр зэрихьэу къыщIигъэкI джэш хъурей фIэIугъэр.

ГУ ЛЪЫВЭДГЪЭТЭНЩИ, Урысейм и «ФIагъым и дамыгъэр» зыхуагъэфэщащэр ди къэралым къыщыщIагъэкI продукцэхэрщ, абыхэм я фIагъыр зыхуэдэр щыIэ мардэхэм тету къапщыта иужькIэ. Ахэр ГОСТ-м къыщыгъэлъэгъуахэм хуэкIуэу е ефIэкIыу щытын хуейщ. Апхуэдэуи, абыхэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэм е къызыхащIыкIхэм я процент 90-м щIыгъур дыдейуэ, езы IуэхущIапIэр е IэнатIэр УФ-м щылажьэу.

Иджы «ФIагъым и дамыгъэр» къызэрыратам и щыхьэту «Агро-Инвестым» и продукцэм «Урысейм щащIащ» жиIэу тритхэ хъунущ, къэралым и ныпым и теплъэр къызыхэщ бзу цIыкIум и сурэтыр дэщIыгъуу. Абы нэмыщI, а продукцэхэр хамэ къэралхэм щыпхыгъэкIынымкIэ къэралыр къадэIэпыкъунущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Агро-Инвест» IуэхущIапIэр Аруан щIыналъэм щыIэщ икIи пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI теIуэнтIахэр къыщIэгъэкIынымкIэ республикэм щыпашэщ, къэралым щыцIэрыIуэ брендхэм щIэту и продукцэ лIэужьыгъуэ куэдым сату щIыпIэхэм уащрохьэлIэ.

БАТОКЪУЭ Алыдж.

Экономикэ · Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

Пащтыхьхэмрэ къызэрыгуэкIхэмрэ щызэхуэдэт

Хэт сыти жырыреIэ, ауэ дызыщыпсэуа Совет Союзым ныбжьыщIэхэм гулъытэшхуэ щыхуащIырт. Дауи, зэрахуэзэфIэкIкIэ. ИкIи иджырей Урысейм абы и лъэныкъуэкIэ щытлъагъу псори къыщежьар аращ. Абы щыхьэт тохъуэ илъэсищэ зэрырикъур иджы дыдэ ягъэлъэпIа «Артек» къэрал зэхуаку сабий центрыр къызэрызэрагъэпэщар.

ГРАЖДАН зауэм и уIэгъэхэр игъэгъущыжыну хунэмыса СССР-м 1925 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м и бжэхэр къызэIуихащ Кърымым а цIэр зыщыфIаща зыгъэпсэхупIэм. Япэ илъэсым а IуэхущIапIэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуащ икIи я къэухьым зыщрагъэужьащ Москва, Тулэ, Тверь, Ивано-Франковск къалэхэм икIа пионер 320-м. КъыкIэлъыкIуэм къахыхьащ нэгъуэщI къэралхэм къикIахэри. ХьэщIэхэр зэхуэдэтэкъым. Абыхэм яхэтт пащтыхь унагъуэхэм ящыщхэри, къэрал къулыкъущIэшхуэхэм я бынхэри, лэжьакIуэжьхэм я щIэблэри А псори зы хабзэхэм тетын хуейт. АрдыдэмкIэ ягъэкIуэдыжырт класс зэхуэмыдэныгъэ жыхуаIэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыбы щыIэхукIэ нэхъ мыхъуми. Абы къыдэкIуэуи, хэIэтыкIахэм Iэмал ягъуэтырт цIыху къызэрыгуэкIхэм я псэукIэр зыхуэдэр ялъагъуну.

Нэхъ ягу къинэжахэм ящыщщ Камбоджэм и пащтыхьым и къуэ Сианук Нородом. «Артек»-м щыщыIа 1939 гъэм абы и ныбжьыр илъэс 13 хъурт. Езыр есат унэIут бжыгъэншэхэм зыхуей псори къыхуащIэу. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэнрации, лагерым щызекIуэ хабзэхэм фIэфI дыдэу хэзэгъащ: накъырэм къигъэтэджу, зарядкэ ищIу, пщэфIапIэм щыдежурнэу, кружокхэм зыщигъасэу, зекIуэхэм хэту. Игъэзэжа иужь и Iыхьлыхэм телъыджэ ящыхъуат абы езым и пIэр зэрыIуихыжыр. Тхыдэм и зыкъызэдзэкIыгъуэ ткIийхэм хэта Камбоджэм и пащтыхь хъуа Сианук, псэзэпылъхьэпIэ куэдрэ ихуами, щыгъупщакъым Кърымым и Iуфэхэм щигъуэта дэрэжэгъуэр. Абы и щыхьэтщ и къуэрылъхур «Артек» къигъэкIуауэ зэрыщытар.

Мыбы зыщигъэпсэхуащ Лаосым и пащтыхьыкъуэ Фансай Суфанувонг и къуэми. А щIалэ цIыкIум хуэзауэ щытащ тхакIуэ Кассиль Лев икIи ар уващ «Хьэзыру щыт, Зи ЩIыхьыр Лъагэ»! повестым и лIыхъужь нэхъыщхьэу. ИужькIэ абы ипкъ иткIэ ягъэува фильмым деплъын тфIэфIу щытащ. Суфанувонг и пхъуитIри 1963 гъэм «Артек» щыIащ икIи ягу къинэжащ егъэлеяуэ нэфIэгуфIэу, жыIэдаIуэу зэрыщытамкIэ. Псом хуэмыдэу я гуапэт шхапIэм щыдежурнэну, апхуэдэу зэрылажьэ щыгъын щатIэгъэну.

Ираным и пащтыхьым и къуэ Пехлеви Кир Резаи 1976 гъэм Кърымым щыIащ. Хуабжьу зэпIэзэрыту щытауэ яIуэтэж. Пащтыхь хъуакъым - и хэку кIуэжа иужь илъэсищ нэхъ дэмыкIыу революцэ къэхъейри, унагъуэр США-м Iэпхъуащ.

Хамэ къэрал къикIахэу зи гъащIэр СССР-м езыпхахэри яхэтащ. Дунейпсо коммунист зэщIэхъееныгъэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ Ибарури Долорес 1936 - 1939 гъэхэм Испанием щекIуэкIа граждан зауэм иужькIэ ар ибгынэу Совет Союзым щыпсэун хуей хъуащ. А цIыхубзым и къуэ Робин 1935 гъэм «Артек»-м зыщигъэпсэхуащ, илъэсибл дэкIри, Сталинград щыхэкIуэдащ: лейтенант нэхъыжь Ибарури и ротэр нэмыцэ танкхэм япэщIэуват...

Каростояновэ Лилие и адэ болгар коммунистыр яукIат властым и бийуэ зыкъэзыIэтахэм зэрахэтам къыхэкIыу. И анэмрэ и шыпхъуитIымрэ я гъусэу Совет Союзым къыщаша 1929 гъэм илъэс 12 и ныбжьт. Хъыджэбз цIыкIур «Артек»-м щыIащ. КъыдэкIуэтея иужь журналист IэщIагъэ зригъэгъуэтащ, дэкIуащ. И щхьэгъусэр 1942 гъэм зауэм зэрыхэкIуадэу, лъаIуэу щIидзащ фронтым ягъэкIуэну. Белоруссием щыхэкIуэдащ.

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщIар хамэ къэралхэм я цIыхухэу Кърымым зыщызыгъэпсэхуахэрщ, ауэ, «Артек»-р псом япэу щIаухуари зыхуаухуари совет сабийхэрт. Дауи, къэрал абрагъуэм а зыгъэпсэхугъуэ закъуэр хурикъунутэкъым, ар сыт хуэдизкIэ инми. АрщхьэкIэ, езыхэр щымыгугъауэ ехъулIэхэри къахэкIырт. СощIэж блыщхьэ пщэдджыжь гуэрым линейкэм дыщыту, ди школым щыщ хъыджэбз цIыкIум «Артек»-м зэрызыщигъэпсэхуну тхылъ къызэрыхуагъэфэщар къыджаIауэ зэрыщытар. Я нэхъыбэм тщIэххэртэкъым «Артек»-р зищIысыр, ауэ къыдгурыIуэрт ар зэрыщIыхьышхуэр. ГъэщIэгъуэнрации, а еджакIуэр ящыщтэкъым къыхэжанык I дыдэхэм, и адэ-анэри мыхьэнэшхуэ зимыIэ IэнатIэхэм пэрыт лэжьакIуэхэт. КIэщIу жыпIэмэ, уегупсысмэ, насыпырыхьт. Иджыри къэс сщIэркъым ар къыщыхахым зэрыбгъэдыхьа пщалъэр. Ауэ ар щыхьэт тохъуэ гуащIэрыпсэухэм я бынхэми я Iуэху къикIыу зэрыщытам. АтIэ, мис, къэкIуэжа иужь а хъыджэбз цIыкIум апхуэдэ линейкэ дыдэм къыщыджиIэжат Кърымым щигъэхъахэр. Абыхэм ящыщт и гъусэу зызыгъэпсэхуа Стефание ныбжьэгъу зэрыхуэхъуар, зэхуэтхэнуи зэрызэгурыIуар. Сыщыгъуазэкъым абыхэм я зэныбжьэгъугъэр здынэсам, ауэ абы къегъэлъагъуэ мы IуэхущIапIэм гъэсэныгъэм и мызакъуэу, дипломатие мыхьэнэи зэриIар. Нэхъыщхьэрации, цIыху къызэрыгуэкIхэм я бынхэри абы кIуэфу зэрыщытар.

Ди тхыгъэр ныкъуэ хъунт, США-м щыщ Смит Самантэ 1983 гъэм и бадзэуэгъуэм Кърымым зэрыщыIам и гугъу дымыщIмэ. Абы и хъыбарыр дуней псом щызэлъащIысат. Мэн штатым щыпсэу а школакIуэр илъэс ипэкIэ КПСС-м и ЦК-м и Секретарь Нэхъыщхьэ Андропов Юрий къыхуитха письмом щыщIэупщIэрт: хуей ар зауэ, хьэмрэ хуэмей? СССР-м и Iэтащхьэм жэуап зэрыритыжам и мызакъуэу, ар къригъэблэгъащ «Артек»-м щыхьэщIэну. Илъэс 11 зи ныбжь сабийм илъэгъуахэр игу ирихьащ, езыри зыхэхуа гупым яхэзэгъащ.

Самантэ иужькIэ тхылъ итхащ, Японием щекIуэкIа симпозиумым хэтащ. СССР-м и ныбжьэгъуфI хъуауэ 1985 гъэм шыщхьэуIум и 25-м и адэм и гъусэу кхъухьлъатэ насыпыншагъэм щыхэкIуэдащ. Абы фэеплъ щыхуагъэуващ и псэм дыхьа «Артек»-м.

Зи гугъу тщIы зыгъэпсэхупIэм 2024 гъэм щыIащ Урысейм и щIыналъэ псом щыщ сабий мин 40-м щIигъу. Абыхэм я гъусащ къэрал 68-м - Китайм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Германием, Италием, Канадэм, нэгъуэщIхэм - къикIа ныбжьыщIэ мин. Зэрытлъагъущи, «Артек»-м егъэзащIэ илъэсищэ ипэкIэ къыщызэIуахам пщэрылъ щащIахэр.

Жуковым и жэуапыр

Куэд щIакъым ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъуар зэрыдгъэлъапIэрэ. Зэманыр дэ къыдобж фашист Германием фIэкIыпIэ имыIэу зыкъызэритым теухуа дэфтэрым Iэ щытрадзам щегъэжьауэ. АрщхьэкIэ апхуэдизу ямыгъэвууами, зи мыхьэнэр абы нэхърэ мынэхъ цIыкIу нэгъуэщI Iуэхухэри щыIащ. Ахэр къыщыхъуари иужькIэщ.

1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м Совет Союзым и маршал Жуков Георгий Берлин и Кепеник хьэблэм щиIэ хэщIапIэм Гитлер и бийуэ зэгухьа къэралхэм ящыщ дзэ къулыкъущIэшхуэ гуп екIуэлIащ. Абыхэм Iэ традзэн хуейт мыхьэнэ ин зиIэ тхылъым - «Германиер зэрыхагъэщIамрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Совет Социалист Республикэхэм я Союзым, Пащтыхьыгъуэ Зэкъуэтым я правительствэм, Франджы Республикэм ПIалъэкIэ иIэ правительствэхэм я властым Германиер щIэгъэувэнымрэ теухуа декларацэм».

Абы Iэ щIадзащ:

«Совет Социалист Республикэхэм я Союзым и Правительствэм пщэрылъ зыщищIа, Германием щыIэ советыдзэхэм я унафэщI нэхъыщхьэ, Совет Союзым и Маршал Жуков Г.К.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Правительствэм пщэрылъ зыщищIа армэм и генерал Эйзенхауэр Д.

Пащтыхьыгъуэ Зэкъуэтым и Правительствэм пщэрылъ зыщищIа фельдмаршал Монтгомери Б.

Франджы Республикэм ПIалъэкIэ иIэ правительствэм пщэрылъ зыщищIа генерал де Латр де Тассиньи».

УщIэмыупщIэнкIэ Iэмал иIэкъым: япэрауэ, сыт Франджыр текIуа къэралхэм щIыхагъэхьар? ЕтIуанэрауэ, тхьэмахуэ зыбжанэ ипэкIэ Германием зэрызитам теухуа дэфтэрым Iэ щытрадзакIэ, сытыт Германиер зэрыхагъэщIамкIэ декларацэр зэрищIыжынур?

Япэрей упщIэм и жэуапыр гурыIуэгъуэщ: езым и щIыналъэм и зэхуэдитIыр яубыдами, Франджым щекIуэкIа ЗыпэщIэсэныгъэ зэщIэхъееныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищIащ Гитлер и бий бэнэныгъэм. Ар къилъытэри, СССР-м и унафэщI Сталин Иосиф и арэзыныгъэкIэ хагъэхьащ текIуа къэралхэм. ЕтIуанэм теухуауэ тхыдэдж Соколенкэ Валентин мыпхуэдэу жеIэ:

- 1945 гъэм накъыгъэм и 8-м Iэ зытрадза икIи накъыгъэм и 9-м жэщыр зы сыхьэтым къару зыгъуэта дэфтэрыр зытеухуар зы Iуэхущ - зыкъызэритырщ. Абы къыщыгъэлъэгъуатэкъым иджы къыщыщIэдзауэ Германием и псэукIэнур, и ухуэкIэр зыхуэдэнур. Мис а псори щыубзыхуащ мэкъуауэгъуэм и 5-м къаща Декларацэм.

Зэкъуэт къэралхэр зэгурыIуащ хагъэщIа Германиер мамыр псэукIэм хуэгъэкIуэжыным ехьэлIа Iуэху псори абы унафэ хуэщIынымкIэ кIэлъыплъакIуэ Советым зэрызэфIигъэкIынумкIэ. А Советым хыхьэнущ СССР-м, Инджылызым, США-м, Франджым я лIыкIуэхэр. Ещанэ рейхым къыщIэна политикэ, дзэ щIэинхэм ятеухуауэ зэфIагъэкIын хуей къалэн псори Декларацэм щаубзыхуащ. А Декларацэм лъэныкъуэхэр елэжьын щIадзащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр иухыным иджыри куэд иIэжу. 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м ягъэхьэзыращ, ауэ иужькIэ зэгъэзэхуэжыныгъэ гуэрхэр хагъэхьащ.

Iэ зытрадза Декларацэм къыщыгъэлъэгъуат Германиер зытехьэн хуей гъуэгур: ар «Д» хьэрфищым епхат: демократизацэ, демилитаризацэ, денацификацэ. Ар шэч зыхэмылъыжт. Ауэ зэдэзэуахэр (мыгувэу зэбий хъужынухэр) куэдрэ зэныкъуэкъуащ псэууэ къэна нэмыцэ зауэлIхэм, къарузехьэ IэнатIэ псоми ящыщхэм я къэкIуэнум теухуауэ. Ар къызыхэкIари гурыIуэгъуэт: Iэмал зэрагъуэту, ахэр къагъэсэбэпыну я мурадт Совет Союзым и бийуэ. ИужькIэ Декларацэм иратхащ мыпхуэдэу: «Германием и къару псоми ящыщхэр гъэр хъуа зауэлIхэу къалъытэ, абы ахэр зыубыда къэралым и дзэхэм я Iэтащхьэр зэреплъым тещIыхьауэ».

НэгъуэщI зэIумыбзыныгъи егъэщIылIауэ щытащ Iыхьиплыу ягуэша Германием. Мыбдеж щыхилъафэр СССР-рт. Инджылызыр хуейтэкъым Совет Союзым хухаха щIыналъэм щыщ Виттенберг ибгынэну, американхэми Тюрингием зыщралъэфыхьырт. Ауэ ари зэфIахащ. Мис абы теухуауэ Жуковым итхыжахэр.

«Декларацэм Iэ теддза иужь Монтгомери зыкъысхуигъэзащ: «Зиусхьэн Маршал, дэ мурад тщIащ зэман гъунэгъу дыдэм ди щIыналъэр дубыдыну. Абы къыхэкIыу иджыпсту сыхуейтдидзэхэр Берлин зэрыдыхьэнугъуэгухэр къызэрызэIупхынумкIэ дызэгурыIуэну». Сэ абы мыпхуэдэ жэуап естыжащ: «Инджылыдзэхэмрэ американыдзэхэмрэ Берлин зэрыдыхьэнум ехьэлIа Iуэхум ипэ къиухуэу къыткъуэт къэралхэм я дзэхэр Германием и щIыналъэхэм теухуауэ Кърым конференцым зэрыщызэгурыIуахэм тету щыхэгуэшауэ щытын хуейщ. Абы къыхэкIыу американыдзэхэр Тюрингием, инджылызыдзэхэр Виттенберг имыкIыжауэ сэ арэзы сытехъуэфынукъым ахэр Берлин дэзгъэхьэным».

Монтгомери Б. зыкъыспэщIисэн и мурадащ, ауэ мыбдеж Iуэхум псынщIэу къыхэIэбащ Эйзенхауэр Д: «Монти, умыныкъуакъуэ. Маршал Жуковыр захуэщ. Уэ псынщIэу Виттенберг убгынэн, дэ Тюрингием дикIыжын хуейщ. «Ерэхъу, иджыпсту дызэдэуэнкъым, - жиIэн хуей хъуащ Монтгомери».

Зи гугъу тщIы дэфтэрым ипкъ иткIэ, Германием и Iэщэ, Iэщэ щIыным елэжь и IуэхущIапIэ, связым и Iэмэпсымэ, кхъухь тедзапIэ, аэродром псори текIуа къэралхэм иратын хуейт. Абы къыдэкIуэу нацист унафэщIхэр, щIэпхъаджагъэ зылэжьа псори яубыдын икIи текIуа къэралхэм я лIыкIуэхэм иратын хуейт.

Декларацэм политикэ, экономикэ, дзэ, финанс Iуэху псори къызэщIиубыдэрт. Абы игъэувырт зыхыхьэ лъэхъэнэм Германиер зытетыну гъуэгур.

НэгъуэщI къэралхэм щыщхэри къыдахьэх

НэгъуэщI къэралхэм къикIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Iуащхьэмахуэ» курортым къакIуэ туристхэм я куэдагъым хуэдитIкIэ хэхъуащ икIи пандемием ипэкIэ щыIа бжыгъэхэм ар нэсыжащ, жиIащ Кавказ.РФ-м и гъэзэщIакIуэ директор ТIымыжь Хьэсэн.

«НЭГЪУЭЩI къэралхэм къикIыу «Iуащхьэмахуэ» курортым къакIуэ туристхэм я бжыгъэм хуэдитIкIэ хэдгъэхъуащ икIи ар ковидым ипэкIэ щыIахэм хуэдиз хъужащ икIи, дэ езым едгъэкIуэкIыжа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, абыхэм я нэхъыбэр европейхэм ящыщщ: нэмыцэхэрщ, итальянхэрщ. ИкIи ар хъарзынэщ, сыту жыпIэмэ, туризмэм зедгъэужькIэрэ, дэ дыхущIокъу цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр лъэныкъуэ зэредгъэзыным, ахэр зэпэгъунэгъу зэрызэхуэтщIыным. Абы нэмыщI, хьэщIэхэм ядогъэлъагъу ди къэралым и мызакъуэу, атIэ Европэми, дуней псоми щынэхъыфIхэм ди курортыр зэрахыхьэр», - къыхигъэщащ ТIымыжь Хьэсэн, «Путешествие» дунейпсо турист зэхуэсым къыщыщыпсэлъам.

«Бгы-лыжэ IэнатIэм зыужьыныгъэ нэс щигъуэтынур къэралымрэ бизнесымрэ щызэдэлажьэм дежщ», - дыщIигъужащ ТIымыжьым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

Шытх нэхъыщхьэм адэкIэ

Илъэс пщыкIуий ипэкIэ дызэIэбэкIыжынщи, адыгэ Iуэхум тепсэлъыхьын зыфIэфIхэр щIэх-щIэхыурэ дыщызэрихьэлIэрт хьэрычэт лэжьэкIэм хуэкIуа Щокъуий Хьэсэн и лъэщапIэу Налшык къалэ и Къэбэрдей уэрамым тетам. ЗэгурыIуа фIэкIа умыщIэну дыщызэIущIэхэр, кууущэу дытемыпсэлъыхьми, адыгэ Iуэхум теухуауэ куэдым я «щхьэфэ» диIэбэрт.

АПХУЭДЭ зэхыхьэхэм ящыщ зым къытхэта Рэмэзан Мартин къыхилъхьащ тщыщу тIур – Бышэн Хьэбасрэ сэрэ – Адыгейм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къедза тIуащIэхэм къызэрыщыткIухьар, уеблэмэ къурш тхыцIэхэми дащхьэдэхыу, хы ФIыцIэми дызэрынэсар «Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ» фIэщыгъэм щIэту къеттхэкIыж зэрыхъунур.

Абы иужькIэ, зэманыфIи дэкIауэ, Бышэн Хьэбасрэ сэрэ къызэдэткIухьахэм я нэхъ гукъинэжым тетхыхьын щыщIэздзам, Рэмэзаным кIуэрыкIуэм тету къыхилъхьа цIэр абы пэщIэдзэ хуэхъуну къэслъытат.

Нэхъ гъэщIэгъуэныжыр арации, иужькIэ Интернетым, адыгэхэм я тхыдэм теухуауэ сызыхуэныкъуэ гуэрхэм сыщылъыхъуэрэ пэт, зэрымыщIэкIэ сыщыхуозэ Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIхэр Кавказ Ищхъэрэм и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ зыщрихьэлIэ лъагъуэжьхэм «Черкесские тропы» зэрыфIащам ехьэлIауэ зэIэпах хъыбархэм.

Арати, ди адэжьхэм ижькIэрэ яIа зекIуапIэжьхэм ящыщу дэ къыщыткIухьахэм «Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ» яхужытIэ щIэмыхъун щхьэусыгъуэ щыIэжтэкъым.

Адыгэ Республикэм и къалащхьэм укъыщежьэу, Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэхэмкIэ дэс Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIум унэсыным дэлъыр километр 85-рэщ. Абдежри дахащэщ, зыщыпплъыхьын, зыщыбгъэпсэхун и лъэныкъуэкIэ дэбгъуэн щымыIэу. ПфIэигъуэмэ, лъэданэ зыщибгъанэу, махуэ бжыгъэкIи укъыщынэ мэхъу.

Хьэуэ жыпIэрэ, бгыщхьэ аранэхэм уахуэплъэу, хы ФIыцIэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ уеIэпхъуэкIмэ, узыхуэзэр Кавказ Шытх нэхъыщхьэр зыгъэбжьыфIэ Фыщт бгыжьырщ, нэхъ гурыIуэгъуэу жытIэмэ, абы и лъабжьэкIэ щешкIурэх Щхьэгуащэ бгыщхьэхэмкIэ щиIэ и къуэпсхэр Лагъуэнакъэ бгыщхьэ тафэм къызэрыщежьэрщ.

Налшык икIа щIалэхэм, Бышэнхэ Хьэбасрэ сэрэ, ныбжьыщIэу Бышэн Аслъэнрэ Мэремыкъуэ Амиррэ Щхьэгуащэ и адрыщIкIэ зыкъыщызыIэт джабэ нэкIурат иджы дыздынэсар.

ТIуащIэ лъащIэм пэIэщIэ дыщыхуэхъум, ди лъэхэр нэхъ щIэкI хъуат. АрщхьэкIэ, къызэднэкIа кIейр апхуэдизу къыткIэлъыдэхэкIти, абы нэ лейкIэ дыIуплъэжын папщIэ, гупыр лъагъуэ гъуафэм зэмзэми дыкъыщыувыIэрт, нэхъри зэрызытIэтым дригуфIэу....

ИжьымкIэ дызыблэкI Фыщт Iуащхьэжьым и дамащхьэ къигуэшам иникъуэхэм дежи гъунэгъубзэу дыбгъэдыхьэрт. Гу зэрылъыттауи, лъагапIэжьым ипщэкIэ гъэза и къыр дзакIэхэр, дыгъэм зэрижьэм и нэщэнэу, дыщафэ-хужьыфэт. Апхуэдэукъым уи нэгу къызэрыщIэувэр ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ щыIэ нэпкъыжьхэм я теплъэр. Ахэр морафэ-фIыцIафэщ. Нэхъ хьэлэмэтыжыр, къуршхэм я плъыфэм зыщызэрахъуэкI щIыпIэр Кавказыр «Ищхъэрэ», «КъущхьэщIыб» IыхьитIу зыгуэш Щхьэгуащэ (Белореченскэ) щхьэдэхыпIэм зэрыхуэзэрт.

ДызыIущIэ Iэщыхъуэхэм я нэхъыбэр къызыхэкIа лъэпкъкIэ зэрыермэлыри и щыхьэттэкъэ «КъущхьэщIыб» дызэрихьам? Ящыщ куэдым хы псыIур псэупIэ яхуэхъуащи, я Iэщри Къущхьэхъу къыдаху.

Сэнтхым дызэрех лъагъуэр бжей жыгышхуэхэм я лъэбжьанэхэм хуэфIу яуфэбгъуат. Мыхэри дыгъэм и бзий гуащIэхэм зэрыщымыщIэр къыдагъащIэрт я теплъэр зэрыгъуэжьыфэ-дыщафэм. Апхуэдэтэкъым уи нэгу къызэрыщIэувэр ищхъэрэкIэ щыIэ жыгхэм я лъэбжьани я лъэдии - ахэр морафэ-фIыцIафэт.

БгырыкIуэ гупыр иужьрейуэ дызыдэкIын хуейр Шэрджэс (Черкесский) щхьэдэхыпIэрат. ШытхитIым я гузэпыщIэр зыкIи къыттемыхьэлъэу, псынщIэу зэпыдупщIащ. Ди лъэм абазэхэ щIыналъэм дыкъришу, убых щIыгужьым дызэрыришам дригуфIэу къыщIэкIынт!

Мы тхыцIэм и лъэныкъуитIымкIи Iэщыхъуэхэм я пщыIэхэр гъунэгъубзэу, дызрикIуэ лъагъуэм зэрыпэIэщIэ щымыIэу, щытлъагъурт. Я гъэпсыкIэр дгъэщIэгъуащ: и бгъуитIымкIи щIым нэсу ирашэха унащхьэ папцIэхэр зыщхьэрысыж блынхэм я лъабжьэхэр зэхуэшэжат. Дыщегупсысыжым къыдгурыIуащ апхуэдэу щIащIым и щхьэусыгъуэр. Бгыщхьэхэм щIэх-щIэхыурэ щыятэ «Жьытхьэр» къыпщысхьыну ущымыгугъ: унэ цIыкIухэр, щытаи-щымытаи зэрыжаIэу, зэуэзэпсэу иритхъыфынущ.

Щыгум къыщытщIихьа мэ гуакIуащэр къызыпих удзыр къытхуэмыщIэурэ зытплъыхьащ. Гугъу дыди дыдемыхьу къэтхутащ. Ар бгыщхьэхэм къыщыкI къущхьэхъу шей, «рододендрон» жыхуаIэрщ.

ЩхьэдэхыпIэхэу Щхьэгуащэм - метр 1776-рэ, Шэрджэсым – 1832-рэ я лъагагъщ. Иужьрейм и щыгум Iэгъуэблагъэр уэзыгъэцIыху тхыгъэ-картэ пкъом щеIулIащ. Абы зэритымкIэ, дэ дызрикIуэм нэмыщI, мы щIыпIэм нэгъуэщI гъуэгущхьэхэри щызэхокI.

ДыгъафIэ шытхым утету, Фыщт бгым и ищхъэрэкъухьэпIэр уи гъуазэу, сыхьэт зыщыплIкIэ укIуэмэ, зыми хуомыгъэдэн хыжьей дахащэ урохьэлIэ. «ХыкхъуэкIэ» (языныкъуэхэми – «Хыкъуэ» жаIэр) зэджэ а псы хъурейм ехьэлIауэ адыгэ IуэрыIуатэм хэтщ псысэ удэзыхьэх.

Хыжьейм и псы щхьэфэм щIыуэ метр зэбгъуэнатIэ мин 27,5-рэ еубыд. КъызэрыщIэкIымкIэ, Абхъазым щыIэ Рицэ псы хъурей цIэрыIуэр здит щIыпIэм нэхърэ, Хыкъуэр зэрыт «лъэгур» тIукIэ нэхъ лъагэщ.

Иужьрей сэнтхым куэдрэ дытетыжакъым. Кавказ шытхыжьым и пщэдыкъ дызэрыдыхьар мыбдежым нэхъ щызыхэтщIэрт. Ди щIыб илъ хьэпшып хьэлъэхэм драхужьа - сытми егъэзыхыгъуэ задэм жэрыгъэкIэ дехырт. Сыхьэт ныкъуэ нэблагъэкIэ джабэм лъэхъу-лъэущу деущэхауэ, дыпэмыплъагъэххэу дамэщI гуэр дихьащ. А пщыхьэщхьэм ар дэ, гъуэгурыкIуэхэм, тхуэхъуащ зыгъэпсэхупIэ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



Нэхъ иныр нэхъ лъэщщ

● Ар зэрыщытар

Къэралыр ягъашхэ пэтми, мэкъумэшыщIэхэр езыхэр псэуныгъэкIэ ехъулIэу зэи щытакъым. Арат, Iэмал зэрагъуэту, къалэмкIэ щIаунэтIыр. Апхуэдэ щытыкIэр къэукъубеящ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым Урысейм капитализмэм зыщиукъуэдийуэ хуежьа иужь. Яухуэ фабрикэхэмрэ заводхэмрэ лэжьакIуэ хуейт. Ахэр щагъуэтри къуажэхэм икIхэм я дежт. Пуду икIи теплъхьэр я хьэлъэу.

ЖЫЛЭХЭР хэкIуэдэжырт, абы къыдэкIуэуи щIыр зезыхьэн ямыIэу къанэрт. Пэжу, феодализмэм икIыу ухуэкIэщIэм хуэкIуэ дэтхэнэ къэралми апхуэдэ къыщощI. Къуажэхэм икIахэм я къарукIэщ промышленностыр зэрызэфIэувэр, ауэ езыхэм я жылэхэр хокIуэдэжыпэ е жьгъей, лъэрымыхь мэхъу, я щхьэ яхуэмыгъэпсэужыфу. СыткIэ уащыгугъын?

Абы щыгъуэм къежьа а Iуэхур нэхъри хэплъэгъуэ ищIащ Хэку зауэшхуэм и зэманым удын хьэлъэхэр зытехуа мэкъумэш хозяйствэм и щытыкIэм. ГурыIуэгъуэ хъуащ зэхъуэкIыныгъэ инхэр ирамыгъэкIуэкIыу ар зэрызэфIамыгъэувэжыфынур. ХэкIыпIэу къагъуэтари зыщ: колхозхэр зэхэгъэхьауэ ин щIынырщ. Аращ зытеухуари илъэс 75-рэ ипэкIэ, 1950 гъэм накъыгъэм и 30-м, ВКП (б)-м и ЦК-м къыдигъэкIа унафэри. Дауи, СССР-р къутэжа иужь зыгуэрхэм ар хэутэн ящIащ (абы щыгъуэм блэкIар ямыубмэ, емыкIуу къалъытэрт), ауэ, хэти сыти жрыреIэ, абы и фIыгъэкIэ къуажэр къэщIэрэщIэжащ. Мис а унафэм и пэублэм щыщ псалъэхэр: «Колхоз жьгъейхэм щыIэкъым лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыгъэкIыф тракторхэр, комбайнхэр, ужьгъэхэр, нэгъуэщI Iэмэпсымэ гугъухэр къыщагъэсэбэпынухэр». Къэнэжыр сыт? Зэхэгъэхьэнырщ.

Мыгувэу белджылы къэхъуащ гъуэгу пэж къызэрыхахар: 1952 гъэм мэкъумэшхэкIыу, IэщхэкIыу къалэжьыр 1940 гъэм яхузэфIэкIам и процент 99-м нэсыжащ. КIэртIофымрэ фошыгъу жэгундэмкIэ процент 16-кIэ, бжьэхуцымкIэ, уеблэмэ, процент 58-кIэ (!) а бжыгъэм щхьэпрыкIащ. Лымрэ гъэшымрэ я лъэныкъуэкIэ Iуэхухэр нэхъыкIэт: нэмыцэ фашистхэм хагъэщIа Iэщ бжыгъэр яхузэфIэгъэувэжыртэкъым. Аращ колхозхэр ин зэращIам къишар. Къуажэхэм щIым зэрелэжь техникэу яIэрыхьэр процент 40 - 50-кIэ нэхъыбэ хъуат. Абы и фIыгъэкIэ хэхъуэрт лэжьыгъэм къыпах хьерми. ЗэрызэхагъэхьэжамкIи и фIыгъэкIэ колхозхэм я бжыгъэр мин 252-м икIри, мин 91-м нэсу къехащ, апхуэдиз дыдэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ Iуэхухэр зезыхьэхэм я бжыгъэри.

КIэщIу жыпIэмэ, унафэр хуабжьу къыхуэщхьэпащ. Жэрдэмыр зейр мыгувэу партым и ЦК-м и Секретарь Нэхъыщхьэ хъуа Хрущев Никитэт. Ауэ абы щIигъэлъэщауэ къыщIэкIащ: колхозхэм я мызакъуэу, къуажэхэри зэхигъэхьэну къыхилъхьат. 1951 гъэм гъатхэпэм и 4-м «Правда» газетым къытрыригъэдза тхыгъэм нэхъыщхьэу тIу къыщыхигъэщырт. Мис япэр: къуажэ жьгъейхэр зэхэгъэхьауэ колхозхэр зи лъабжьэ жылэшхуэхэр къыщызэрагъэпэщкIэ, къуажэжьхэр щызэрахуэкIкIэ, унэхэм ябгъухэм хадэшхуэхэр щыхупачын хуейкъым, апхуэдэхэм деж къуажэм щIышхуэ зэриубыдынум къыхэкIыу. Электрокъару зэрыкIуэ кIапсэхэр, псы зэрыжэ бжьамийхэр нэхъ кIыхь хъунущ, езы къуажэхэр зэIузэпщ щIыным текIуэдэнухэри къиIэту».

Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Маленков Георгий и щхьэфэцыр тэджащ, Хрущевым и жэрдэмхэм текIуэдэнур зыхуэдизыр и нэгу къыщIигъэхьэри. Апхуэдэ дыдэу инынут къуажэдэсхэм я мыарэзыныгъэри - хэтыт зи хадэхэм паупщIу зыфIэфIынур?

Маленковым и псалъэкIэ Сталиныр Хрущевым жьэхэуащ хуабжьу игъэузу. АпхуэдизкIэ игъэузати, Никитэ гъатхэпэм и 6-м печатым зыщиумысыжащ зэрыщыуэмкIэ. АбыкIи зэфIэкIакъым. 1951 гъэм мэлыжьыхьым дунейм къытехьащ ВКП(б)-м и ЦК-м и письмо зэхуэщIа: «Колхоз жьгъейхэр зэрызэхагъэхьэм къыхэкIыу ди парт, совет лэжьакIуэхэм ящыщхэм щыуагъэ хэлъу къыхалъхьэ къуажэхэри зэхагъэхьэу колхозышхуэхэр къызэрагъэпэщыну. Къуажэхэр зэхэгъэхьэным теухуауэ щыуагъэ хэлъу къыхалъхьэхэр епхащ колхозхэтхэм я хадэхэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ языныкъуэ лэжьакIуэхэр зытет Iуэху бгъэдыхьэкIэ мытэмэмым». Ардыдэр къытригъэзэжри, Маленков Георгий щыжиIащ партым 1952 гъэм иригъэкIуэкIа съездым.

Езы Маленковым властыр IэщIэлъыхукIэ псори хъарзынэу екIуэкIащ. 1953 гъэм къыщыщIэдзауэ 1958 гъэр къэсыху къуажэдэсхэм я IутIыжу щытащ. АрщхьэкIэ Хрущевым 1957 гъэм ар Министрхэм я Советым и УнафэщIым и къулыкъум тригъэкIа иужь, мэкъумэшыщIэхэм я хадэхэр ягъэмащIэу («колхозхэм нэхъ къаруушхуэ ирахьэлIэн папщIэ»), агрокъалэ цIыкIухэр яухуэу, къуажэхэр зэхуахусу щIадзэжащ. Абдеж аргуэру къуажэхэм я Iуэхухэр екIакIуэ хъуащ. Хрущевым IэщIэкIа нэгъуэщI щыуагъэшхуэхэм ахэри къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зыгъэбея

Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт Индрис Залымхъан псэужамэ, дыгъуасэ и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут.



ИНДРИС Залымхъан 1940 гъэм Налшык къыщалъхуащ. 1968 гъэм Краснодар и художественнэ училищэр къиухащ. И лэжьыгъэхэр урысейпсо, союзпсо (1969 гъэ) гъэлъэгъуэныгъэхэм, Сириемрэ Иорданиемрэ (1965 гъэ) утыку къыщрихьащ. И щхьэзакъуэ выставкэхэр (1995, 2000 гъэхэм) Налшык щекIуэкIащ, и сурэтхэм щIэупщIэшхуэ яIэу.

Республикэм къыщызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэм Индрисым и сурэтхэм увыпIэфI щаубыдырт, нобэ абы и IэдакъэщIэкIхэм жылагъуэ ухуэныгъэхэр егъэдахэ, щIыналъэм и музейхэм я фондхэм щахъумэ. Апхуэдэу Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэухэм ящыщ куэдым Залымхъан и лэжьыгъэхэм дахьэхауэ зэхуахьэс.

Индрисым и Iэдакъэ къыщIэкIащ и щхьэгъусэм, бынхэм, Iыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм я сурэтхэр. ЩIыуэпсым, гъэм и зэманхэм, бгы уардэхэм я дахагъэм теухуахэри и мащIэкъым. КъищынэмыщIауэ, лэжьыгъэ куэд триухуащ лъэпкъ хабзэр, фащэр, адыгэм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ щIэинхэмрэ хъумэным. Лъэпкъ IуэрыIуатэм, щэнхабзэм триухуа и сурэтхэр и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэ мыкIуэщIым и щыхьэтщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, апхуэдэщ хьэгъуэлIыгъуэм ехьэлIа хабзэхэр къызыхэщ и лэжьыгъэхэр. Псыежэхым зэпрыкI, лъэпкъ фащэхэр зыщыгъ шууейхэм я сурэтри фIыуэ къехъулIащ. Ар апхуэдизкIэ IупщIщи, сурэттехкIэ трахам хуэдэщ.

Залымхъан и лэжьыгъэхэр адрейхэм къащхьэщызыгъэкIыр, нэгъуэщIхэм щIахэмыгъуащэр Мысырым, Алыджым илъэс минищ ипэкIэ къыщыунэхуа «энкаустикэ» Iэмалыр къигъэсэбэпурэ и сурэтхэр зэрищIырщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, шэху (воск) пщтыркIэ ищI и сурэтхэм лIэщIыгъуэ мин зыбжанэкIэ зыри къащыщIынукъым, я плъыфэхэми захъуэжынукъым. Дуней псом а Iэмалым зезыпщыту тет сурэтыщIхэр щIэмащIэр ар зэрыгугъурауэ къыщIэкIынущ.

Хьэрыпхэм къагъэщIа «энкаустикэ» Iэмалыр алыджхэм ирагъэфIэкIуэжри, лэжьыгъэ гъуэзэджэхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сурэтыщIхэр зэпеуэрт ар къагъэсэбэпу лэжьыгъэ нэхъыфI зыщIымкIэ. Гъуазджэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм пщIэшхуэ хуащIырт, художникхэм я сурэтхэм щIэупщIэрэ уасэрэ яIэт. Залымхъан Краснодар щыщеджэм, профессор, физик Капицэ Сергей иригъэкIуэкI «Очевидное невероятное» теленэтыным а Iэмалым щытепсэлъыхьу зэрымыщIэкIэ щрихьэлIэм, и зэфIэкI еплъыжыну мурад ищIри, дихьэхауэ щытат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ и зы IыхьэфI хъуащ Индрисым и лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. Псэгъэгуфlэ-дахагъэ зыхэлъ а сурэтхэр зылъагъухэм дэрэжэгъуэ къарет. Залымхъан и дэтхэнэ зы сурэтми, ар ирегъатхэ е иребжьыхьэ, гъэм и зэманым и фIыпIэр къызэрыщигъэлъэгъуам гу лъыботэ. Ар сурэтыщI нэсщ, художник щIалэхэм я щапхъэщ. Художникым и щIэинхэм къагъэлъагъуэ ар и IэщIагъэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ зэрыпэрытар.

Индрис Залымхъанрэ и щхьэгъусэ Еленэрэ я къуэ нэхъыжь Темботи адэм и лъагъуэм ирикIуэжащ, сурэтыщI Iэзэщ, Ткаченкэ Андрей и гъэсэнщ. И лэжьыгъэхэр гъэлъэгъуэныгъэ куэдым хагъэхьащ. Я къуэ нэхъыщIэ Мурат УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэщ, майорщ. Япхъу Маринэ КъБКъУ-м философиер щрегъэдж.

Зи ныбжьыр илъэс 82-м иту дунейм ехыжа Индрис Залымхъан къэзыцIыхуу щытахэм, и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, Iыхьлыхэм ноби ящыгъупщэркъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Хэкум, лъэпкъым, бзэм хуэзэш сурэтыщIыр ди хьэщIэщ

«Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм хыхьэу яухуа гъуазджэ галереем Иорданием щыщ ди лъэпкъэгъу, сурэтыщI цIэрыIуэ Къэрэгъул Зейнэ «Коды родной культуры» зыфIища гъэлъэгъуэныгъэм хыхьэу зыщыхуагъэзащ икIи и лэжьыгъэхэм зыщыхагъэгъуэзащ ди республикэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ.

ЗЕЙНЭ и IэдакъэщIэкIхэр нэхъапэIуэкIи мызэ-мытIэу Налшык щигъэлъэгъуащ. Абы ди лъэпкъым и блэкIам, тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм, хэхэсхэм я гъащIэм, щIэинхэм, хъугъуэфIыгъуэхэм ухешэж, адыгэм и нобэр зыхуэдэм урегъэгупсыс. СурэтыщIым и лэжьыгъэхэм бгырысхэм, IуэрыIуатэм, нарт лIыхъужьхэм увыпIэфI щаубыд. Хамэ щыпIэ щыпсэуми, и лъабжьэр, къызыхэкIар зэрызыщимыгъэгъупщэм и щыхьэтщ абы и дэтхэнэ сурэтри. Ахэр къигъэщIыфынуи къыщIэкIынтэкъым ди лъэпкъым и тхыдэр имыджатэмэ.

Мы лэжьыгъэхэр къызэрыгуэкIкъым, гупсысэ куу ящIэлъщ. Абыхэм щынэрылъагъущ и Хэкум, лъэпкъым, бзэм хуэзэшу къызэрыхъуар. Армырми, ар зэрыцIыкIурэ и адэшхуэанэшхуэхэм Хэкужьым теухуа хъыбархэм, лъахэм и дахагъым щIапIыкIат. СурэтыщI унагъуэм къыщыхъуа хъыджэбзым и IэдакъэщIэкIхэр нэхъапэм нэхъыбэу каллиграфие геометрие жыпхъэхэм иту щытащ. Иджы Зейнэ нэхъыбэу зэрылажьэр коллаж Iэмалращ. IэрыщI сурэтхэмрэ сурэттехкIэ трахахэмрэ зэхигъэувэжурэ зы теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр зэхеухуанэри цIыхухэм я пащхьэ ирелъхьэ. И лэжьыгъэхэр гъэнщIащ тхыпхъэ, дамыгъэ зэмыфэгъуэхэмкIэ, IуэрыIуатэм къыхэщыж псэущхьэ, къэкIыгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Зейнэ и лэжьыгъэхэм блэкIамрэ нобэмрэ, жыымрэ щIэмрэ зэрызэпащIэр, зи щIыналъэм залымыгъэкIэ ирагъэIэпхъукIа адыгэхэм я фэеплъыр зэрихъумэр, и лъэпкъ тхыдэм езыр зэрыщыщыр и сурэтхэм къызэрыщигъэлъагъуэр. Къаныкъуэ Жаннэ Зейнэ и IэдакъэщIэкIхэр зэрыуасэншэр жиIащ икIи иритащ я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ Зейнэ фIыщIэ хуищIащ адыгэ щэнхабзэр зэрихъумэм, ахэр къызэригъэщIэрэщIэжым папщIэ.

Иорданием щыпсэу адыгэ унагъуэм Зейнэ 1978 гъэм къыщалъхуащ. XIX лIэщIыгъуэм зи Хэкум ирагъэIэпхъукIа ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэщ ар. 2001 гъэм Лондон дэт университетхэм ящыщ зым щIэныгъэ щызригъэгъуэта нэужь, дунейм и щIыналъэ куэдым (Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Европэм, Урысейм) зыщиплъыхьри, 2010 гъэм Амман дэтIысхьэжауэ сурэтыщI гъуазджэм йолэжь. И лэжьыгъэхэр дунейм и къэрал куэдым щегъэлъагъуэ, адыгэм и тхыдэм нэгъуэщI лъэпкъхэр хигъэгъуазэу.

И лэжьыгъэхэм еплъахэм, гуапэу къыIущIахэм Зейнэ фIыщIэ ин яхуищIащ икIи жиIащ тхыдэр зи лъабжьэ и IэдакъэщIэкIхэр хэкужьым щигъэлъэгъуэну Iэмал зэриIэм зэрыщыгуфIыкIыр.

Зейнэ и лэжьыгъэхэр щыхьэт тохъуэ тхыдэ фэеплъхэр хъумэным, блэкIам ди нобэр зэриухуэм щIэблэр щыгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Махуэгъэпс

Къахохъуэ лъэсу къэзыкIухьхэм

Иужьрей лъэхъэнэм нэхъри нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ гъащIэм къыхыхьэ зэхъуэкIыныгъэ куэдым цIыхухэм я дуней тетыкIэми я гупсысэкIэми хуабжьу зрагъэхъуэжащ, къалэнрэ лэжьыгъэу я пщэ къыдэхуэр нэхъ псынщIэу зэрызэфIагъэкIыным зэпымыууэ яужь зэритым къыхэкIыу. АтIэми, дохутырхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр, ехьэехуэкIэр, щригъэлейм деж, цIыхум и узыншагъэм дежкIэ зэраныгъэ къэзышэщ.

НОБЭРЕЙ зэманым щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ къигъэув пщалъэхэм, жылагъуэм къыщекIуэкIхэм задегъэкIуным, дауи, Iей хэлъу къыщIэкIынкъым, къарууэ уиIэ псори абы тебгъэкIуадэу щхьэжагъуэ уримыхъуж закъуэмэ. Абы щыгъуэми, гу зэрылъатамкIэ, еш щIэх-щIэхыурэ къызыпкърыхьэхэр, зи щхьэ узырейхэр, зызэтрагъэувэжын хьисэпкIэ, и нэхъыбэм «зэIэбыр» иджырей медицинэм пэрыхьэту къигъэщIа хущхъуэхэр зэхьэлIэнырщ.

А псоми къадэкIуэу, дохутыр IэщIагъэм ирилажьэхэми еджагъэшхуэхэми зэрытрагъэчыныхьымкIэ, цIыхум и узыншагъэр зэпIэзэрыт щытыкIэм имыкIыу къекIуэкIын папщIэ, зэрыхуепIэщIэкI щымыIэу лъэс къэкIухьыным зригъэсапхъэщ.

ЛъэсырыкIуэкIэм къыхуезыджэхэм абыкIэ и нэхъыбэм тегъэщIапIэ ящIыр апхуэдэ зыгъэпсэхукIэ-узыншагъэ зэтегъэувэжыкIэр хэт и дежкIи гъэзэщIэгъуафIэу зэрыщытырщ.

Абы щхьэкIэ дэтхэнэри дызыхуеишхуэ щыIэкъым: къэувыIэжыкIэ зымыщIэу зи щхьэр щIэзыхьа цIыхум, Iуэхуу и пщэ дэлъыр пIалъэ гуэркIэ иригъэтIылъэкIыу, лъэс къэкIухьыным зэман тIэкIу хухихынырщ.

ЛъэсырыкIуэным хуэщIа щIыпIэхэр къалэхэми щыIэщ. АрщхьэкIэ, узыншагъэр зэтегъэувэжыным хуэунэтIа лъэ щIэгъэкIыкIэм зыщебгъэубгъунымкIэ псом нэхърэ нэхъ зэгъри нэгу зегъэужьыпIэу хъуэпсэгъуэри губгъуэ-мэз лъагъуэхэрщ е цIыхухэм папщIэ къалэхэм, къуажэхэм къыщызэрагъэпэща зыгъэпсэхупIэ жыг хадэхэрщ (паркхэр).

Тхыдэ гъунэгъум къызэрыхэщыжымкIэ, а махуэр къэзыгупсысар США-м щыщ хьэрычэтыщIэ, абы дэщIыгъууи дохутыр IэщIагъэм хуэIэижьу илъэс куэдкIэ къекIуэкIа Рабе Уильямщ. Мичиган штатым хыхьэ Макино хытIыгум ит «Гранд-отель» хьэщIэщым, зи лъэс къэкIухьыпIэр метр 600-м щIигъум здыщIэсым, абы гу лъитащ цIыхум къызэщIэплъа и акъылми еш къызыпкърыхьэу щIэздза и Iэпкълъэпкъми я дежкIэ узыхуепIэщIэкI щымыIэу лъэсу къэпкIухьыныр хуабжьу сэбэпышхуэ къэзышэу зэрыщытым. Ар къыщыхъуар 1970 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15 - 17 махуэхэрат. ЗэрыжаIэмкIэ, абы иужькIэщ мэкъуауэгъуэм и 19-р Лъэс къэкIухьыкIэм и дунейпсо махуэу щагъэувари.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Спорт хъыбархэр

«Шахмат губгъуэ»

Къуажэдэс еджакIуэхэм шахматымкIэ я етIуанэ урысейпсо зэхьэзэхуэм, «Шахмат губгъуэ» фIэщыгъэр зезыхьэм, и кIэух зэпеуэр Сочи къалэм щыIэ «Сириус» егъэджэныгъэ центрым щекIуэкIащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу абы щыIащ Бахъсэн щIыналъэм и Ислъэмей къуажэм дэт курыт школ №3-м и еджакIуэ цIыкIуиплI икIи абыхэм ящыщу Хьэмжу Беслъэн ещанэ хъуащ. Псори зэхэту къыхуэхьыну щыта очкои 8-м щыщу ислъэмейдэс ныбжьыщIэм очкои 7 зыIэригъэхьащ.

Шы лъэпкъыфIхэр къызэдожэ

Тхьэмахуэ кIуам Налшык къалэм и шыгъэжапIэм щекIуэкIащ зи чэзу зэпеуэхэр. Шууейхэр абы къыщызэдэжащ инджылыз шы лъэпкъыфIхэмкIэ. А махуэм ахъшэ саугъэту сом зы мелуаным щIигъу ягъэджэгуащ.

КЪЕЖЭКIЫГЪУЭ 11-у зэхэта шыгъажэм щынэхъыщхьэр Гъэмахуэ саугъэтышхуэр къэхьынырт. Абы щхьэкIэ шууейхэм илъэсищ зы ныбжь шыхэмкIэ зэпачащ метр 1600-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр. Мыбдежым псом нэхърэ нэхъ псынщIащ Албэрды Анзор къигъэжа Грэй Фрог шыр.

Мыхьэнэшхуэ иратащ Урысейм и махуэм щхьэкIэ ягъэува саугъэтми. Ар къихьащ Пэнжокъуэ Рустам, Лорд Марвеус шым тесу.

Саугъэтхэмкlэ ягъэпажэ

Боксымкlэ тренер цIэрыIуэу щыта Уэщро Сергей и фэеплъу Тэрч къалэм и «Тэрч Олимп» спорт комплексым щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм я 15-нэ республикэ зэхьэзэхуэ. Хэгъэрейхэм нэмыщI, абы щызэпеуащ КъБР-м и щIыналъэхэм ящыщу 5-мрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ я боксери 100-м щIигъу.

ТЭРЧ щIыналъэ администрацэм ФизкультурэмрэспортымкIэ и къудамэм, Уэщрохэ я унагъуэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ къабгъэдэкIыу зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ медалхэр, щIыхь тхылъхэр, кубокхэр иратащ.

КъищынэмыщIауэ, саугъэт щхьэхуэхэмкIэ ягъэпажащ техникэ нэхъыфI зиIэу къалъыта налшыкдэс Замбур Темболэт, текIуэныгъэм ерыщу щIэбэна, Тэрч къалэм щыпсэу Хьэгъур Анзор, боксер нэхъыфIу къыхаха, Акъбащ Ищхъэрэм щыщ Хьэтанэ Ислъам сымэ. Мыдрейуэ, ПщыукI Дамиррэ Нэкус Иналрэ боксер шлемхэр тыгъэ хуащIащ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

● Футбол

«Шэрджэсыр» хокIыжри, «Черкес»-р къонэ

Тхьэмахуэ ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и «Шэрджэс» командэм и стадионым щригъэкIуэкIа зэIущIэр мыгъэрей зэпеуэм абы и дежкIэ иужьу къыщIэкIащ. Хъарзынэу езыгъэжьа икIи пашэхэм япэмыжыжьэ гуп зэкъуэтыр зэбграгъэкIыжын хуей хъуащ, хъыбар къызрытIэрыхьамкIэ, трагъэкIуэдэн мылъкур зэрахуримыкъум къыхэкIыу.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэм «Шэрджэсым» щригъэкIуэкIар джэгугъуибгъущ. Ар иныкъуэм нэсыркъым. Абы къыхэкIыу зыхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэри якъутэжащ. Дауи, турнир таблицэми зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр игъуэтащ, ауэ ахэр апхуэдизу зыхэпщIэну щыткъым.

Къапщтэмэ, пашэныгъэр зэрызэдагуэшщ «Тэрчымрэ» «Родник»-мрэ. Джылахъстэнейдэсхэм Балъкъ и Iуфэ «Малка»-м жэуапыншэу топих щыхудагъэкIащ. Къыхуеблэгъа Аргудан и «Бедик»-м хьэщIагъ лъэпкъ ирихакъым «Родник»-ми. Ар абы топибгъукIэ хуэупсащ.

Нэхъ япэIуэкIэ, мэкъуауэгъуэм и 12-м, ягъэIэпхъуа джэгугъуэм «Тэрчыр» щытекIуащ. Абы и фIыгъкIэ бжьыпэр ихъумэфащ.

БлэкIа джэгугъуэм мы гъэм япэу Псынэдахэ икIа «Родник»-м къыщыхигъэщIауэ къэплъытэ хъуну («Шэрджэсыр» къызэрытекIуауэ щытар хэтыжкъым) «Искра»-м и бампIэр Налшык и «Спартак-Д»-м трикъуташ. ЗэIущIитIкIэ нэхъ мащIэ ирагъэкIуэкIами, иджы алътуддэсхэр ещанэ увыпIэм щытщ.

Зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр тхьэмахуэ ипэкIэ Урыху къуажэм къыщыщызыхьа Бабугент и «Логоваз»-м етIуанэри зыIэригъэхьащ. Иджы ар Акъбащ Ищхъэрэ икIахэм ефIэкIащ икIи турнир таблицэм щаIыгъ увыпIэмкIэ абыхэм щехъуэжащ.

«Шэрджэсыр» зэхьэзэхуэм зэрыхэкIыжам гъуащхьауэхэм я зэпеуэми зэхъуэкIыныгъэ хилъхьащ, абы худагъэкIауэ щыта топхэр зэрыхамыбжэжым папщIэ. Пашэныгъэр зыIыгъа Налшык и «Спартак-Д»-м щыджэгу БитIэхъу Дамир ар хуиутIыпщын хуей хъуащ «Тэрчым» и гъуащхьауэ Iэщын Аслъэнрэ «Псыгуэнсум» и щIыхьыр зыхъумэ Чэртбий Темболэтрэ. Абыхэм я хьэрхуэрэгъухэм топ блырыбл худагъэкIащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм. *Мис ахэр:* «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **5**:**2**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Искра**» (Алътуд) - **2**:**4**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - **2**:**0**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Бедик**» (Аргудан) - **9**:**0**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0**:**6**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Урыху**» (Урыху) - **3**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. *А махуэхэм зэIущIэнущ: мэкъуауэгъуэм и 21-м* - «Ислъэмей» - «Черкес», «Урыху» - «Малка»; *мэкъуауэгъуэм и 22-м* - «Акъбащ» - «Нартан», «Искра» - «Логоваз», «Бедик» - Спартак-Д», «Псыгуэнсу» - «Искра», «Логоваз» - «Акъбащ», «Псыгуэнсу» - «Родник» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Тэрч»**	**9**	**8**	**0**	**1**	**29-5**	**24**
2. **«Родник»**	**9**	**8**	**0**	**1**	**43-6**	**24**
3. **«Искра»**	**7**	**5**	**1**	**1**	**17-7**	**16**
4. «Черкес»	9	4	3	2	19-12	15
5. «Спартак-Д»	9	4	2	3	24-22	14
6. «Нартан»	9	4	2	3	27-25	14
7. «Ислъэмей»	8	4	0	4	22-21	12
8. «Псыгуэнсу»	8	3	1	4	17-25	10
9. «Малка»	8	3	0	5	13-19	9
10. «Бедик»	9	3	0	6	11-31	9
11. «Логоваз»	7	2	0	5	12-26	6
12. «Акъбащ»	9	1	2	6	12-32	5
13. **«Урыху»**	**9**	**0**	**1**	**8**	**11-26**	**1**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.443
Заказыр №1305
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.